**O’ZBEKSTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA’M ORTA ARNAWLI BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ**

**BERDAQ ATINDAG’I QARAQALPAQ MA’MLEKETLİK UNİVERSİTETİ**

**Geografiya kafedrası**

**Ta’biyattanıw h’a’m geografiya fakulteti geografiya qa’nigeliginin’**

**IV$^{a}$-kurs studenti Davletnazarova Biybimaryamnın’**

# PİTKERİW QA’NİYGELİK JUMISI

**Tema: Geografiya sabag’inda ko’rgizbeli qurallardan paydalaniw ha’m olardi tayarlaw usillari**

Jaqlawg’a jiberildi
____________________
«____»________ 2012 j.

İlimiy basshı
_______ dots. G.A.Xodjaeva

Kafedra baslıg’ı: _____________ dots. G.A.Xodjaeva

**NO’KİS-2012**

# MAZMUNI


| | | |
|---|---|---|
| | **KİRİSİW** | 3 |
| **I BAP.** | **GEOGRAFİYa SABAG'INDA PAYDALANILATUG'IN KO'RGİZBE QURALLARDIN' TU'RLERİ HA'M OLARDIN' A'HIMİYETİ** | 5 |
| **I.1.** | **Ko'rgizbe qurallardın' tu'rleri** | 5 |
| **I.2.** | **Kartografiyalıq ko'rgizbeli qurallardın' geografiya sabag'ındag'ı a'h'imiyeti** | 17 |
| **I.3.** | **Geografiya sabag'ın oqıtıwda texnikalıq ko'rgizbe qurallardan paydalanıw** | 21 |
| **II-BAP** | **GEOGRAFİYaDA JERGİLİKLİ KO'RGIZBELI MATERİALLARDAN PAYDALANIW** | 27 |
| **II.1.** | **Jergilikli ko'rgizbeli materiallardın' bilim beriwdegi a'h'imiyeti** | 27 |
| **II.2.** | **Jergilikli ko'rgizbeli qurallardan paydalanıwdın' geografiyalıq o'zgeshelikleri** | 32 |
| **II.3.** | **Jergilikli ko'rgizbeli qurallar - janlı ko're alıw obekti sıpatında** | 35 |
| **II.4.** | **Jergilikli ko'rgizbeli qurallardın' ulıwma geografiyalıq tu'siniklerdin' qa'liplesiwindegi ornı** | 37 |
| **III-BAP** | **JERGILIKLI KO'RGIZBELI QURALLARDI TAN'LAW NORMALARI, OLARDI TAYARLAW H'A'M OLARDAN PAYDALANIW USILLARI** | 40 |
| **III.1.** | **Jergilikli ko'rgizbeli qurallardi tan'law normalari h'a'm olardan paydalaniw usillari** | 40 |
| **III.2** | **Pape-Mashedan h'a'm gipsten barrelefli ko'rgizbe qurallardı tayarlaw texnologiyası** | 51 |
| | **JUWMAQLAW** | 54 |
| | **O'mir qa'wipsizligi** | 56 |
| | **PAYDALANILG'AN A'DEBİYaTLAR** | 60 |

# KİRİSİW

Bilimlendiriwdin' barlıq buwınlarında tıg'ız o'z-ara baylanısıtı ornatıw, ta'rbiyalaw, bilimlendiriw, siyasiy h'a'm ka'siplik tayarlıq wazıypaların kompleksli sheshiw h'a'zirgi ku'nnin' a'h'miyetli ma'selelerinin' biri.

Elimizde ulıwma bilm beriw mekteplerinin' materiallıq texnikalıq bazasın bekkemlew boyınsha u'lken jumıslar alıp barılmaqta. «En' zamanago'y oqıw laboratoriyalıq u'skeneler menen ta'miyinlengen, 46 mın' 300 den aslam oqıwshıg'a mo'lsherlengen 166 jan'a mektep qurıldı h'a'm rekonstruktsiya etildi, 151 mektep iri on'landı»[1] -dep atap ko'rsetken edi Prezidentimiz İ.A.Karimov o'zinin' 2012-jıl 19-yanvar ku'ni Ministrler Kabinetinde jasag'an «2012-jıl Watanımızdın' rawajlanıwın jan'a basqıshqa ko'teretug'ın jıl boladı» atlı bayanatında. A'lbette, bul imkaniyatlar jaratılg'an h'a'r bir mektepte, h'a'r bir pa'n boyınsha jeterli da'rejede jaslarg'a bilim beriwge umtılıw za'ru'r.

Sonday-aq, Respublikamız Prezidenti İ.Karimov Oliy Ma'jlistin' birinshi sessiyasında jasag'an bayanatında - ekonomika, siyasat tarawında adam barlıq reformalarımızdın' tiykarı h'a'm maqseti bolıp tabıladı. Sonlıqtan milliy qayta tiklew ideyasın a'melge asıra alatug'ın jan'a a'wladtı oqıtıw, ta'rbiyalaw isi ma'mleketlik is bolıp tabıladı dep atap o'tken edi.

2010-jıldın' 29-yanvarındag'ı Prezident ta'repinen Wa'zirler Ken'esinin' ma'jilisinde islengen bayanatında da: - «Biz perzentlerimizdin' tek fizikalıq h'a'm ma'na'wiy salamat o'siwi, al olardın' en' zamago'y intellektual bilimlerge iye bolg'an, h'a'r ta'repleme rawajlang'an insanlar bolıp, XXI a'sir talaplarına tolıq juwap beretug'ın na'wqıran a'wlad bolıp er jetiwi ushın za'ru'r barlıq imkaniyat h'a'm sharayatlardı jaratıwdı o'z aldımızg'a maqset etip qoyg'anbız»[2]-dep ko'rsetken.

---

[1] «2012-жыл Ўатанымыздың раўажланыўын жаңа басқышқа көтеретуғын жыл болады», Еркин Қарақалпақстан, 2012-жыл,21-январь, 9-10 саны

[2] Асосий вазифамиз–ватанимиз тараққиёти ва халқимиз фаровонлигини янада юксалтиришдир. Вазирлар Маҳкамасининг мажлисидаги маърузаси. 29-январь 2010 йил

Joqarıda keltirilgenler pedagog kadrlardın' aldına na'wqıran a'wladtı bilimli, o'z tarawının' jetik qa'nigeleri etip ta'rbiyalaw uqsag'an u'lken wazıypalardı ju'kleydi. Usı wazıypadan kelip shıg'ıp biz bu'gingi bakalavr pitkeriw qa'niygelik jumısımızdı «Geografiya sabag'ında didaktikalıq qurallardan paydalanıw usılları» degen tema boyınsha jazıwdı maqul taptıq.

Oqıtıwshının' bilim da'rejesi, metodikalıq, ustazlıq sheberligi sabaqtan ko'rinedi. Sabaqtı jan'asha sho'lekemlestiriw, izleniwler tiykarında jan'alıqlar kirgizip o'tiwge talpınıw h'a'r bir sabaqtın' mazmunlı o'tiwine jol ashadı. Sabaq oqıwshılar menen oqıtıwshı miynetinin' tiykarg'ı forması. Ha'r bir sabaqtın' didaktikalıq ko'rgizbeli qurallar menen o'tiliwi sol sabaqqa oqıwshılardın' qızıg'ıwshılıg'ın arttırıwı so'zsiz.

A'lbette, basqa sabaqlarda didaktikalıq qurallardan paydalanıw usılları boyınsha jazılg'an jumıslardı ko'plep ushıratıwg'a boladı, al geografiya pa'ni boyınsha qaraqalpaq tilinde bul tuwralı jazılg'an mag'lıwmatlar ju'da' siyrek ushırasadı h'a'm bir toplamda toplanbag'an. Usıg'an baylanıslı men ilimiy jumısımda to'mendegidey wazıypalardı o'z aldıma qoydım:

- Geografiya sabag'ında paydalanılatug'ın didaktikalıq qurallardın' tu'rleri h'a'm olardın' sabaq barısındag'ı a'h'imiyetin sıpatlap beriw;
- Ko'rgizbe qurallardan geografiya sabag'ında paydalanıw usılların h'aqqında mag'lıwmat beriw;
- Geografiyanı oqıtıwda pedagogikalıq texnologiyalardan paydalanıw usıllarına sıpatlama beriw;
- Didaktikalıq oyınlardı sho'lkemlestiriw usıllarına sıpatlama beriw;
- Ayırım ko'rgizbeli qurallardı tayarlaw metodikasın h'a'm texnologiyasın u'yreniw h'.t.b.

Men o'zimnin' qa'niygelik pitkeriw jumısımdı jazıwda bah'alı ilimiy ma'sla'h'a'tlerin bergen geografiya kafedrası professor-oqıtıwshılarına h'a'm ilimiy basshıma minnetdarshılıq bildiremen.

# I-BAP. GEOGRAFİYa SABAG'INDA PAYDALANILATUG'IN KO'RGİZBE QURALLARDIN' TU'RLERİ HA'M OLARDIN' A'HIMİYETİ

## I.1. Ko'rgizbe qurallardın' tu'rleri

Geografiya sabag'ında oqıwshılardın' h'a'r ta'repleme bilimli, ko'nlikpege iye bolıp jetilisiwinde bilim beriwde turmıs penen baylanıstırıwda ko'rgizbeli qurallardın' roli ullı.

Oqıtıw quralları bul bilim, ko'nlikpelerdi qa'liplestiriw maqsetinde oqıw protsessinin' ta'rbiyag'a kirgizilgen tu'rli bilim derekleri bolıp esaplanadı.

Oqıw bag'darlaması boyınsha oqıwshılar o'zlestiriliwi lazım bolg'an oqıw materialı tu'rli dereklerden alınadı. Ulıwma bilim beretug'ın orta mekteplerde oqıw protsessi boyınsha quramalı wazıypalardı sheshiw maqsetinde oqıw protsessi quramına kirgizilgen bilim derekleri  oqıtıw quralına aylanadı. Oqıtıw quralları ta'biyat h'a'm ja'miyet h'aqqındag'ı ilimiy bilimlerdi sho'lkemlestiriwde u'lken a'h'miyetke iye. Oqıtıw qurallarının' tiykarg'ı wazıypası bilim alıw protsesinde ko'rgizbelilikti ta'miyinlewden ibarat.

Geografiyada qubılıslardı su'wretlew usılına qarap oqıtıw quralları to'mendegishe bo'linedi: 1) natural obektler; 2) geografiyalıq qorshag'an ortalıq qubılısların su'wretlew; 3) ta'biyat h'a'diyselerinin' payda bolıwı h'a'm analiz etiw ushın priborlar.

Geografiyalıq qubılıslardın' ko'rinisi to'mendegi tu'rlerge bo'linedi:

- Ta'biyiy h'a'm xojalıq obektlerinin' modelleri. Olarg'a relef formaları, da'rya alapları, batıqlar, tegislikler, muzlıqlar, suw saqlag'ıshları h'a'm xojalıq obektlerinin' modelleri kiredi;
- ko'rgizbeli qurallarg'a to'mendegiler kiredi: diywalıy su'wretler, portretler, diapozitivler, diafilmler, kinofilmler; kinoko'rsetiwler; videosuwretler h'a'm t.b.

Sha'rtli belgiler ja'rdeminde geografiyalıq predmet, h'a'diyselerdin' bayanı h'a'm ko'rinisi (so'zli, belgili, sanlı), usı baylanıslar to'mendegi toparlarg'a bo'linedi:

- Verbal qurallar. Sabaqlıqlar, mag'lıwmatnamalar, kesteler;
- Kartografiyalıq qurallar: kartalar, atamalar, jazıwsız kartalar, diywallı kartalar;
- sızılmalı sxematikalıq qollanbalar, diagrammalar, kesteler: ma'selen: gidrosferanın' du'zilisi, xalıq xojalıg'ının' du'zilisi, klassifikatsiyalaw sxemaları;

Usı oqıw quralları geografiyalıq qubılıslardın' jaylasıwı, du'zilisi h'a'm xızmeti h'aqqında ko'z-qaraslardı qa'liplestiredi.

Ta'biyiy qubılıslardı analizlew ushın za'ru'r qurallarg'a to'mendegiler kiredi:

- orında o'lshew jumısların alıp barıw ushın za'ru'r bolg'an priborlar (ruletka, kompas, nivelir,teodolit);
- Ta'biyiy qubılıslardın' mug'darlı h'a'm sıpat ko'rsetkishlerin anıqlaytug'ın priborlar (termometr, barometr);
- kartometrikalıq jumısların alıp barıw ushın qollanılatug'ın priborlar (kurvametr, lineyka, transportir h'a'm t.b.);
- jerdin' sutkalıq h'a'm jıllıq h'a'reketin ko'rsetetug'ın priborlar.

Pedagoglardın' en' baslı wazıypası jaslarg'a tıyanaqlı bilim h'a'm ta'rbiya beriwden ibarat.

Son'g'ı waqıtlardag'ı Respublikamızda bolıp atırg'an o'zgerisler bilimlendiriw tarawına da o'zinin' unamlı ta'sirin tiygizbekte. O'zbekstan Respublikası Prezidenti İ.Karimov Oliy Ma'jlistin' birinshi sessiyasında jasag'an bayanatında ekonomika, siyasat tarawında adam barlıq reformalarımızdın' tiykarı h'a'm maqseti bolıp tabıladı. Sonlıqtan milliy qayta tiklew ideyasın a'melge asıra alatug'ın jan'a a'wladtı oqıtıw, ta'rbiyalaw jumısı ma'mleketlik is bolıp, onın' en' bir aldın'g'ı wazıypalarının' biri bolıp tabıladı - dep keltirgen edi.

Usıg'an baylanıslı bizin' orta, orta arnawlı, joqarı mektebimiz ka'siplik, a'dep-ikramlıq-psixologiyalıq jobada jaslardı h'aqıyqıy h'a'zirgi zaman tarawlarında islewge uqıplı etip tayarlawı lazım. Ja'h'a'n bazarına shıg'ıw, ilimiy texnikalıq progresske erisiw xalıq bilimlendiriwinin' barlıq buwınlarında tıg'ız

o’z-ara baylanısın ornatıwdı, ta’rbiyalaw, bilimlendiriw, siyasiy h’a’m ka’siplik tayarlıq wazıypaların kompleksli sheshiwdi talap etedi.

Mug’allimnin’ san sanalı, alwan qırlı izleniwi-tolg’anısı, bilim da’rejesi, metodikalıq, ustazlıq sheberligi sabaqtan ko’rinedi. Sabaqtı jan’asha sho’lkemlestiriw, o’zimizshe tın’ izleniwlerge talpınıw h’a’r bir sabaqtın’ mazmunlı o’tiwine jol ashadı.

Sabaq oqıwshılar menen ustaz miynetinin’ tiykarg’ı forması. Ha’r bir sabaqtın’ ko’rgizbeli qurallar menen o’tiliwi sol sabaqqa oqıwshılardın’ qızıg’ıwshılıg’n arttıradı. Chex pedagogi Ya.A.Komenskiy **«Ko’rgizbelilik - oqıtıwdın’ altın metodı»** - dep joqarı bah’alang’an. Psixologlardın’ aytıwınsha adam h’a’r qıylı xabarlardın’ 80 % -ten artıg’ın ko’riw analizatorlarının’ kanalı arqalı qabıllaydı eken. Onın’ ko’riw arqalı qabıllaw mu’mkinshiligi esitiw analizatorının’ kanalınan 1000 ese ku’shli. Demek, h’a’r bir sabaqtın’ ko’rgizbeli qurallar menen o’tiliwi oqıwshılardın’ sabaqqa degen ıqlasın arttıradı h’a’m sabaqtın’ mazmunlı o’tiwine sebepshi boladı. Sonday-aq sabaqtın’ ko’rgizbeli qurallar menen o’tiliwi oqıwshılardın’ erkin so’lewine, oylaw qa’biletine unamlı ta’sir etedi.

Ha’zirgi ilimiy-texnikalıq progress da’wirinde mekteplerde jan’a texnikalar atap aytqanda kino, televidenie, kompyuterlerdin’ engiziliwi ko’rgizbeli sabaqlard o’tiw mu’mkinshiliklerin ja’nede ken’eytti.

Ha’r bir sabaqta texnikalıq qurallardan paydalanıwg’a ken’ mu’mkinshilikler bar. Son’g’ı waqıtlarda texnikalıq qurallardın’ jetilistiriliwi jan’a kinofilmler, diafilmler, diapozitivler h’a’m transporantlardın’ ken’ tu’rde islep shıg’ılıwı ja’ne televidenieden h’a’m distantsiyadan oqıw ko’rsetiwlerinin’ sho’lkemlestiriliwi mekteplerde oqıtıwda texnikalıq qurallardan ken’irek paydalanıw imkaniyatın bermekte.

Bilim beriw h’a’m oqıtıwdın’ teoriyası didaktika dep atalıp, oqıwshılardı oqıtıwdın’ nızamlıqların, mug’alliminin’ bilim beriwdegi xızmetin ashıp ko’rsetedi, sonday-aq ol oqıw protsessin sho’lkemlestiriwdin’ ma’nisin,

mazmunın, printsiplerin h'a'm metodların anıqlaydı, xarakterleydi. Didaktika termini grektin' dIdaktikos degen so'zinen alıng'an.

Ya.A.Komenskiydin' waqtınan baslap, didaktika so'zin oqıwshılarg'a neni u'yretiw h'a'm qalayınsha u'yretiw h'aqqındag'ı ilimiy bilimlerdin' sisteması dep tu'sindirlip kiyatır. Al h'a'zirgi da'wirde didaktika so'zine qarag'anda; oqıtıwdın' teoriyası degen terminler ko'birek qollanılmaqta.

Tariyxta birinshi ret oqıtıw teoriyası h'aqqındag'ı pedagogikalıq pikirdi, onın' ilimiy bilimlerdin' sisteması ekenligin Ya.A.Komenskiy ashıp ko'rsetti.

O'zinin' filosofiyalıq oy-pikirlerinin' tiykarında h'a'm ol da'wirdegi mekteplerdin' is-ta'jiriybelerin teoriyalıq jaqtan analizley otırıp Ya.A. Komenskiy 1658-jılı «Ullı didaktika» degen miynetin jazdı.

Bilim beriw h'a'm oqıtıwdın' teoriyası didaktika oqıtıwshılardı oqıtıwdın' nızamlıqların, mug'allimlerdin' bilim beriwdegi xızmetin ashıp ko'rsetti, sonday aq oqıw protsessin sho'lkemlestiriwdin' ma'nisin, mazmunın, printsiplerin h'a'm metodların anıqlaydı.

Oqıtıw h'aqqındag'ı pikirler o'tkendegi ullı filosoflar h'a'm ilimpazlar (Demokrit, Geraniy, Platon, Aristotel) ta'repinen ertede-aq aytılg'an edi.

Geografiya sabag'ında oqıwshılardın' h'a'r ta'repleme bilimli bolıp jetilisiwinde, bilim beriwdi turmıs penen baylanıstırıwda qo'rgizbeli qurallardın' roli u'lken.

Oqıtıwshıdag'ı ko'rgizbelilik oqıwshılardın' geografiyalıq tu'siniklerin ken'eytedi h'a'm temanın' tu'sinikli bolıwına onı oqıwshılardın' puxta o'zlestiriwine imkaniyat beredi.

Tu'rli qo'rgizbeli qurallar, a'sbaplar geografiyalıq bilimlerdin' jaqsı o'zlestiriliwine h'a'm este uzaq saqlanıwına sebebshi boladı. Bul h'aqqında N.D.Uspenskiy bılay degen edi. «Biz h'aqıyqıy yatda saqlawdı ko'riw arqalı esitken na'rselerden go're, ko'zimiz benen ko'rgen na'rselerdi an'satıraq o'zlestire alamız».

Bir waqıtta h’a’m ko’riw, h’a’m esitiw, h’a’m na’rseler bar bolsa h’aqıyqıy yadta qalıwdı payda etedi h’a’m este uzaq saqlaydı.

Mekteplerde geografiyanı oqıtıwda h’a’r qıylı metod h’a’m usıllardan paydalanıwda, sabaqtın’ sapasın jaqsılawda, onın’ mazmunlı o’tiliwinde, oqıwshılardın’ sabaqqa qızıg’ıwshılıg’ın arttırıwda didaktik ko’rgizbeli qurallardın’ roli u’lken a’h’imiyetke iye.

Geografiyanı oqıtıw metodikasına sa’ykes h’a’r qıylı ko’rgizbeli qurallardan paydalanıwg’a boladı.

Oqıw ta’rbiyanın’ ta’sirin ja’ne de joqarı ko’teriw maqsetinde arnawlı tayarlang’an h’a’m sabaq o’tiwge arnalg’an, paydalanatug’ın qollanbalar - *oqıw quralları* tu’sinigine kiredi.

Geografiya sabag’ındag’ı qollanılatug’ın oqıw quralları h’a’r qıylı bolg’anlıqtan olardan tolıg’ıraq h’a’m na’tiyjeli paydalanıw ushın olardı gruppalarg’a bo’liw maqsetke muwapıq keledi. Oqıw quralların to’rt gruppag’a bo’liw mu’mkin.

***1. Sabaqlıqlar h’a’m oqıw qurallari.***

***2. Oqıw ko’rsetpe qollanbaları***

***3. A’sbablar***

***4. Ja’rdemshi qurallar***.

Ha’r bir topardag’ı oqıw qurallari o’z na’wbetinde tag’ıda bir neshe tu’rlerge bo’linedi.

1. *Sabaqlıqlar h’a’m oqıw qollanbaları*. Bul topardag’ı oqıw qurallari oqıtıwshının’ tu’sindirgeninen keyin alatug’ın bilim deregi bolıp esaplanadı.

Oqıwlıq oqıwshılar ushın tiykarg’ı qollanba, sonday-aq o’z betinshe bilim alıw deregi. Sabaqlıq bolmasa, bilim anıq h’a’m bekkem bolmaydı. Oqıwshıdan talap qılınatug’ın bilimler minimumı da sabaqlıq bolıp tabıladı.

Oqıw qollanbaları oqıwshılar bilimin ken’eytiw maqsetinde qollanılatug’ın xrestomiya, spravochniklerden de ibarat.

2. Oqıw-ko'rsetpeli qollanbalarınan u'yreniletug'ın waqıyalar h'a'm obektler h'aqqında anıq tu'siniklerdi payda etiw maqsetinde tiykarg'ı bilim dereklerinin' biri sıpatında paydalanıladı. Bul oqıwshılardın' geografiyanın' nızamlıqların jaqsı tu'siniwinde h'a'm baqlaw qa'bilmetinin' o'siwine ja'rdem beredi.

Oqıw ko'rsetpeli qollanbaları o'zgesheliklerine qaray otırıp ja'ne to'rtke bo'linedi:

*1. Kartografiyalıq qollanbalar*

*2. Ko'rgizbeli qollanbalar*

*3. Grafikalıq qollanbalar*

*4. Natural qollanbalar.*

**Kartografiyalıq qollanbalar** topografiyalıq, ulıwma geografiyalıq, arnawlı kartalardı, geografiyalıq atlaslardı h'a'm arnawlı kontur kartalardı, globustı o'z ishine aladı.

**Ko'rgizbeli qollanbalar** geografiyalıq obekt h'a'm waqıyalardın' h'aqıyqıy ko'rinisin su'wretleydi. Ko'rkem qollanbalar arqalı bilimlerdi u'yrengenimizde anın' yadta saqlanıp, bilimler puxta o'zlestiriledi.

Ko'rgizbeli qollanbalar tu'rli su'wretlerdi, foto su'wret, ekranlı qollanba, (diapozitiv, diafilm, kinofilm) panoramma, model h'a'm maketlerdi o'z ishine aladı.

**Grafikalıq qollanbalar** geografiyalıq obekt h'a'm qubılıslardı sha'rtli belgilerde su'wretleydi. Grafikalıq qollanbalar sxema, kartosxeması, grafik, diagramma h'a'm kestelerden ibarat.

**Natural qollanbalar** u'yreniletug'ın geografiyalıq obekt h'a'm qubılıslardın' nag'ız ko'rinislerinen ibarat bolg'anı ushın ayrıqsha a'h'miyetke iye. Oqıwshılarda tu'rli sezim ag'zaları ja'rdeminde zatlar h'aqqında anıq tu'sinik payda etedi. Natural qollanbalar tu'rli kollektsiya, gerbariy, topıraq tu'rlerin,paydalı qazılmalardan u'lgiler toplawdan ibarat.

A’sbaplar tu’rli mazmundag’ı a’meliyat jumısların orınlaw ushın za’ru’r bolg’an oqıw quralların o’z ishine aladı. Mektepte geografiyanı oqıtıwda qollanılatug’ın a’sbablar to’mendegilerden ibarat.

1, Baqlaw a’sbabları: Termometr, termograf, gigrometr, gigrograf, barometr, barograf, gigrometr, gigrograf, jawın o’lshegish, qar qalın’lıg’ın o’lsheytug’ın reyka, mu’yesh o’lshegish, h’.t.b.

2. Orında bag’dar alıw h’a’m gorizont ta’repinen anıqlaw ushın arnalg’an a’sbablar kompas, gnomon, polyar juldızı ko’rsetkishler h’.t.b.

3. Aralıqlardı o’lshew a’sbapları, Jer o’lsheytug’ın tsirkul, ruletka, metr o’lshegish, reyka, eklimetr, planshet, Vizli sızg’ısh.

4. Ta’jiriybe o’tkeriw ushın qollanılatug’ın a’sbaplar: Stapal, probirka, kolba, h’a’r qıylı shiyshe ıdıslar, voronka, shtativ, spirt lampası.

Ja’rdemshi qurallar-bul ko’rsetkish qurallardı ko’rsetiw, saqlaw h’a’m ıqsham qılıp jaylastırıw maqsetinde paydalanadı.

Ja’rdemshi qurallar geografiya sabag’ında bilim beriwde tolıq qatnaspasa da kartalar, tablitsalar, sxemalar, ekranlı qollanbalardı ko’rsetiwde ja’rdem beredi.

Olar karta isleytug’ın h’a’m saqlaytug’ın arnawlı ja’rdemshi qurallar, karta su’wretler, kesteler ildiretug’ın ilgishler, shkaflar h’.t.b ko’rgizbeli qollanbalardı tayarlaw ushın za’ru’rli bolg’an a’sbap h’a’m u’skenelerde usı toparg’a kiredi.

***Grafikalıq ko’rgizbeli qurallar*** to’mendegishe bolıwı mu’mkin:

1. Baspadan shıqqan diywalg’a iliwge arnalg’an ( kesteler, kartinalar h’.t.b.), stolda paydalanatug’ın (su’wretler, grafikler, diagrammalar kitap h’a’m albom h’. t. b ), h’a’m tarqatpalar.

b) Sabaq barısından klass taxtasına sızıp ko’rsetiletug’ın.

v) Proektsion apparatlar epidiaskop, kodoskop ja’rdeminde ekrang’a tu’siriwge arnap islengen.

g) Qoldan islengen geografiya kabinetine qoyıtatug’ın ko’rgizbeli qurallar.

Grafikalıq ko’rgizbeli qurallardan paydalanıwdın’ geografiya sabag’ında u’lken a’h’imiyeti bar. Sebebi grafikalıq ko’rgizbeli qurallar temanın’ obrazın

ashadı, o’tilgen  temalardın’ tolıq o’zlestiriliwine, este saqlanıwına mu’mkinshilik jaratadı.

Grafikalıq ko’rgizbeli qurallar geografiyanı u’yreniwde qubılıs h’a’m zatlardın’ ken’isliklerindegi o’z-ara ta’sirin anıq ko’rsetip beriwge ja’rdemlesedi. Ma’selen, tematikalıq kartlarda qosımsha grafikalıq ko’rsetpeler beriledi: atap aytqanda biyiklik poyası, ta’biyiy sharayatlar h’. t. b.Sonday-aq grafikalıq qollanbalar burın alg’an bilimlerdi salıstırıwda da paydalı.

Oqıwshılardın’ bilim da’rejesin anıqlawda da grafikalıq jumıslar u’lken a’h’miyetke iye. Grafikalıq qollanbalar oqıwshılarda logikalıq oylanıw uqıbın ken’eytedi, baqlaw, sa’wlelendiriw, izbe-izlilik protsessin ken’eytedi u’yrenilip atırg’an materiallarg’a qızıg’ıwshılıqtı arttıradı. Grafikalıq ko’rgizbeli qurallardan paydalanıw oqıwshılarg’a estetikalıq ta’rbiya beriwde u’lken a’h’miyetli.

Grafikalıq qollanbalardın’ biri-**kesteler** bollıp esaplanadı.

Kesteler-qandayda bir obekt yaki qublıslardın’ juwmag’ı, dizimi, kesteler grafikalıq jaqtan, anıq og’ada qolaylı berilgen ko’rinisi.

Kesteler teksten grafikalıq su’wretlewge o’tiw basqıshı bolıp xızmet etedi.

Kesteler ja’rdeminde a) u’yrenilip atırg’an materiallardın’ en’ a’h’miyetli mag’lıwmatları, qubılıslar  h’a’m obektleri saylap alınadı.

b)  en’ a’h’miyetlisi, mazmunlısı alınadı.

v) Barlıq saylap alıng’an h’a’m sistemalastırılg’an  tu’sinikler a’piwayı, qolaylı tu’sinikli formada beriledi.

Oqıw materiallarının’ basım ko’pshiligin kesteler tu’rinde ko’rsetiwge boladı.

Xa’r bir keste eki tiykarg’ı bo’limge bo’linedi, u’yrenilip atırg’an obekttin’ dizimi h’a’m olardı xarakterlewshi belgileri.

Geografiyalıq kestelerde sanlıq h’a’m sapalıq ko’rsetkishler beriledi.

I. Jazba -so’zlikli yaki sistemalastırıwshı kesteler.

Bul kestelerdin’ tiykarg’ı maqseti-berilgen materiallardı juwmaqlastırıp h’a’m sistemalastırıp qısqa tu’rde, qolaylı etip yaki este qalarlıqtay an’sat ko’rsetiw. Bul

kestelerde ko’plegen statistikalıq mag’lıwmatlar beriledi. Bunday kesteler (spravochnıy) geografiyalıq so’zlik a’debiyatlarda ken’ paydalanıladı.

Jazba-so’zlikli kesteleri a’sirese, belgili sebeb izertlewshi baylanıslardı bekkemlewde ayrıqsha paydalı.

Mısalı:

**1-keste**

**Paydalı qazılmalar**:

<table>
<tr><th>Payda bolıw</th><th colspan="2">Paydalı qazılmanın’ tu’ri</th><th>Qazıp alınatug’ın ornı</th></tr>
<tr><td>Magmalıq taw jınıslarına baylanıslı</td><td colspan="2">Temir<br>Mıs</td><td>KMA<br>Almalıq</td></tr>
<tr><td>Sho’gindi taw jınısları</td><td colspan="2">Ko’mir<br>Duz</td><td>Angren<br>Qarawımbet</td></tr>
<tr><td colspan="4">O’zbekstannın’ ren’li metallurgiyası</td></tr>
<tr><td>Ren’li metallar</td><td>Onın’ paydalanıwı</td><td>Bası o’ndiriwshi rayonları</td><td>Metall eritiwdin’ baslı orayları</td></tr>
</table>

**II. Salıstırmalı kesteler.** Ha’r bir kestede belgili ko’rsetkishler salıstırıladı.

**Plan h’a’m karta**

| **Plan** | **Karta** |
|---|---|
| İri masshtabta u’lken bolmag’an orınlar su’wretlenedi.<br>Jerdin’ shar ta’rizligi esapqa alınbaydı.<br>Orındag’ı predmetler h’aqıyqıy ko’rinisinde beriledi. | Kishi masshtabta u’lken orınlar su’wretlenedi.<br>Jerdin’ shar ta’rizligi esapqa alınadı.<br>Ko’pshilik predmetler sha’rtli belgiler menen beriledi. |

**Oraylıq Aziya Respublikaları**

| **Respublikanın’ atları** | **Maydanı mın’ . km kv.** | **Xalqı mln. adam** | **paytaxtı** |
|---|---|---|---|
| O’zbekstan<br>Qazaqstan | 448,9<br>2,700 | 29,5<br>18 | Tashkent<br>Astana |

**III. Baslı belgilerdi ko’rsetiwshi kesteler.**

Geografiyanı oqıtıw praktikasında ken’ tarqalg’an kesteler qatarına baslı belgilerin ko’rsetiwshi kestelerdi atasaq boladı.Sebebi, ko’pshilik geografiyalıq obektlerge (da’rya, ko’l, taw h’.t.b. ) ulıwma sıpatlama bergende tiykarınan ulıwma, baslı belgileri ko’rsetiledi.

**IV. Kombinatsiyalıq kesteler.** Bul kestelerdin' basqa kestelerden o'zgesheligi wyreniletuqın obekt h'aqqında tez, jen'il eske tu'siriwshilik jag'dayı bayqawda boladı. Bul kesteler a'piwayı sızılmalar tu'rinde beriledi.

Sxemalar en' a'piwayı h'a'm kerekli illyustratsiya tu'rlerine kiredi. Sxema so'zi grek tilinen alıng'an bizin'she tu'r, obraz degendi an'latadı.

Geografiyada ayrım protsess, qubılıslardın' o'z-ara qatnasın sonday-aq sha'rtli belgilerdi ko'rsetiwde sxemalıq ko'rgizbeli qurallardan ken' paydalanamız.

U'yreniletug'ın obekt, qubılıslardın' ma'nisin tu'sindiriwde h'a'm onın' jen'il tu'siniletug'ın grafikalıq obrazın du'ziwde sxemanın' u'lken a'h'imiyeti bar. Sonlıqtan geografiyanı oqıtıwda grafikalıq sxemalardan ken' qollanıladı.

Sxema a'sirese jan'a materialdı oqıtıw waqtında ken'irek paydalanıladı. Sabaq barısında klass taxtasına sxemalar sızıp tu'sindiriwge de boladı.

Ayırım temalardı tu'sindirip bolg'annan keyin sabaqta bekkemlew waqtında tayar sxemalardan paydalanıw u'lken a'h'miyetke iye.

Sxema a'meliy sabaqtın' en' a'h'miyetli elementlerinin' biri. Sxemalar grafikalıq ko'rkemligine qarap to'mendegi tu'rlerge bo'linedi.

a) Qısqa tu'sindiriwler menen a'piwayı geometriyalıq figuralardı kombinatsiyalaw.

b) Sxema-formula, bunda bir qansha so'zler qısqartılg'an tu'rlerde beriledi (Bas h'a'ribi, simvolı ko'rsetiliwi mu'mkin).

v) A'piwayı sızılmalar, su'wretler h'a'm simvollarda strelka menen kombinatsiyalaw. Qaysı temalarda sxemalardı ko'birek paydalanıwdı mug'allimnin' o'zi sheshedi.

Geografiya kursın u'yreniwde komponentlerdin' o'z-ara baylanısınan ken'irek paydalanıladı.

A'sirese, suwdın' ta'biyattag'ı aynalısı, atmosfera tsirkulyatsiyası h'. t. b. protsesslerdi sxemalar menen ko'rsetiw og'ada qolaylı.

Ekonomikalıq geografiya kurslarında sxemalardan o'ndiris orınlarının' o'z-ara baylanısın ko'birek paydalanadı.

**Profiller**-bul obekttin' jaylasıwının' vertikal (tigine) ayırmashılıg'ın sha'rtli tu'rde su'wretleydi. Profiller oqıtıwshılardın' fizika h'a'm sızıw pa'nlerinen alg'an bilimin geografiyada sınap ko'riw ushın paydalı bolıp keledi.

Profiller geografiyalıq kartag'a qosımsha tu'sinik beriwde qollanıladı. Profillerdi sha'rtli tu'rde eki tu'rge bo'linedi.

a) eskizli profil

b) su'wretli profil.

Grafikalıq ko'rgizbeli qurallar ishinde blok-diagrammalar u'lken a'h'miyetke iye. Blok-diagramma-bul jerdin' qabatın ko'rsetiwde ken' qollanıladı. Sonday-aq ekonomikalıq geografiyanı oqıtıwda shaxtanın' du'zilisin, paydalı qazılmalardın' jaylasıw nızamlıqların biliwde blok-diagrammalardan paydalanıwg'a boladı.

Geografiyada h'a'r qıylı sanlı ko'rsetkishlerdi, ko'lemin, du'zilisin, salıstırıwda diagrammalardan ken'irek paydalanadı.

Diagramma so'zi grek tilinen alıng'an bizin'she =- «su'wretlew, sızıw» degendi an'latadı. Diagrammalar obekt yaki qubılıstın' bir-birinen sanlıq ayırmashılıg'ın ko'rsetiwde qollanıladı.

Diagrammalar strukturalıq illyustratsiyalar ushında ken' paydalanıladı.

(mısalı ellerdin' egislik maydanı, sanaattın' tarawlıq du'zilisi, ellerdin' xalqının' sanı h'. t. b. ),

Diagrammalardın' bir neshe tu'rlerinen paydalanamız.

*a) sızıqlı diagrammalar.*

*b) stolba sıyaqlı diagrammalar.*

*v) A'piwayı stolba ta'rizli diagrammalar*

*g) tutas stolba ta'rizli diagrammalar*

*d) Gruppalı stolba ta'rizli diagrammalar*

*e) Lenta ta'rizli diagrammalar*

*j) Sektorlıq do'ngelek diagrammalar*

*z) Kvadratlı-tuwrı mu'yeshli diagrammalar*

*k) Qozg'almalı diagrammalar h'. t. b.*

**Su'wretli ko'rgizbeli qollanbalar.** Su'wret – geografiya sabag'ında bilim beriwdin' tiykarı bolıp xızmet etedi. Sol sebepli u'yreniletug'ın obekt h'a'm qubılıslardı ko'rip biliwde su'wretlerdin' a'h'imiyeti og'ada u'lken. Su'wretler orınnın' tiykarg'ı qa'siyetlerin ashıq h'a'm anıq ko'rsetip beredi. Suwretler orınnın' tiykarg'ı qa'siyetlerin ashıq h'a'm anıq ko'rsetip beredi. Suwrette ko'rilgen barlıq na'rse ulıwmalastırıladı. Bunnan basqa, su'wret jan'a bilimlerdi u'yreniwde, bul bilimlerdi bekkemlewde h'a'm ta'kirarlawda ayrıqsha a'h'miyetke iye bolıp esaplanadı. Ko'rgizbeli qurallardın' biri foto su'wretler bolıp tabıladı. Jurnal, kitap, gazetalardan jıynalg'an illyustratsiyalar h'a'm foto suwretlerdi epidiaskop arqalı ko'rsetiw mu'mkin.

Su'wretli ko'rgizbeli qollanbalar geografiyalıq obekt h'a'm waqıyalardın' h'aqıyqıy ko'rinisi su'wretleydi.

Ko'rkem qollanbalar arqalı bilimlerdi wyrengenimizde anın' yadta saqlanıp, bilimler puxta o'zlestiriledi.

Bunday ko'rgizbeli qollanbalarg'a tu'rli su'wretler, foto su'wret, ekranlı qollanba (diapozitiv, diafilm, kinofilm), panoramma model h'a'm momentler kiredi.

Geografiyada eski h'a'm da'stu'riy ko'rgizbeli qurallardın' biri su'wretler. Geografiyalıq su'wretler karta h'a'm geografiyalıq tu'siniklerdi tolıqtıradı.

Geografiyada su'wretli ko'rgizbeli qollanbalar arqalı ta'biyiy obektler h'a'm qubılıslar ulıwmalastırılıp oqıwshılarg'a tu'sinikli etip beriledi. Su'wretli ko'rgizbeli qollanbalar sabaqtın' maqsetine say islengen bolıwı kerek.

Bul ko'rgizbeli qurallar ja'rdeminde ulıwma h'a'm ayrım tu'siniklerdi, protsess h'a'm qubılıslardı, anıq territoriyalardı u'yreniwge boladı. Su'wretli ko'rgizbeli qurallar ayırım qubılıs h'a'm obektlerdi salıstırıp u'yreniwde de qolaylı.

**Tu'sindirmeli su'wretler.** Geografiya oqıtıwshılarının' en' baslı metodikalıq wazıypaları - o'zlerinin' bilimin, o'zlerinin' oyın grafikalıq su'wretlep beriwdi

u’yretiw bolıp tabıladı. Geografiyalıq materiallardı ken’ tu’rde tu’sindiriwde tu’sindirmeli su’wretlerdin’ a’h’imiyeti u’lken.

Bunday tu’sindirmeli su’wretlerdi sabaq barısında, sabaqtı tu’sindirip baratırıp klass taxtasına sızıp ko’rsetiwge de boladı. Mısalı (5-klassta) Jer betinin’ relefi degen temanı o’tkende, shın’, to’be, taw dizbegi, tawdın’ etegi, alab h’. t. b. tu’siniklerdi taxtada sızıp ko’rsetiwge boladı.

Atmosfera temasın o’tkende Briz Musson tu’siniklerinde a’piwayı su’wretler tu’rinde ko’rsetiwge boladı. Su’wretli ko’rgizbeli qollanbalarg’a fotosu’wretler, diapozitivler, diafilmler, kinofilmler h’a’m video filmler de kiredi.

## I.2. Kartografiyalıq ko’rgizbeli qurallardın’ geografiya sabag’ındag’ı a’h’imiyeti

Geografiyanı kartasız ko’z aldımızg’a keltiriw qıyın. Karta geografiya u’yrenetug’ın barlıq predmet h’a’m waqıyalar h’aqqında so’z ete aladı, karta tez, anıq h’a’m jen’il qılıp tu’sindiriwde kitaptan da qolaylı keliwi mu’mkin.

Mektepte geografiya oqıtıladı eken, ol menen birge karta da u’yreniledi. Geografiya tarawında alıp barılatug’ın h’a’r qanday ta’jiriybe jumısları kartasız orınlanbaydı.

Karta - geografiya sabag’ında bilim alıwdın’ tiykarg’ı deregi bolıp esaplanadı. Karta-bul geografiyanın’ ekinshi tili dep N.N. Baranskiy biykarg’a atamag’an. Sonlıqtan da h’a’r bir oqıwshı kartanı oqıy biliwi kerek.

Kartadan tuwrı paydalanıwdı u’yreniw ushın geografiya oqıtıwshısı oqıwshılarg’a h’a’r qanday jan’a karta menen to’mendegishe ta’rtipte tanıstırıp barıwı kerek: Kartanın’ tu’ri, onnan qanday maqsette paydalanıw h’a’m onın’ sha’rtli belgilerin tu’sindiriw oqıwshılar itibarın karta masshtabına awdarıw kerek. Karta proektsiyasının’ o’zgesheliklerin ko’rsetip o’tiw sha’rt.

Bunnan basqa, oqıtıwshı oqıwshılardın’ itibarın gradus torının’, merdian h’a’m paralellerdin’ qanday ju’rgiziletug’ınlıg’ına, ken’lik h’a’m boylıq h’aqqındag’ı tu’sinikke, ekvator, bas meridian, polyarlıq h’a’m tropikalıq shen’berlerge awdarıw

kerek. Kartadag'ı orın globusta basqasha su'wretleniletug'ının ko'rsetip o'tiw kerek.

Geografiya oqıtıwshısının' tiykarg'ı wazıypalarının' biri oqıwshılarg'a kartanı tu'sindiriw h'a'm oqıy alıwdı u'yretiw bolıp tabıladı.

Kartanı biliwdin' ma'nisi sonnan ibarat, oqıwshılar ondag'ı sha'rtli belgilerge tu'siniwleri h'a'm sol sha'rtli belgiler arqalı ko'rsetilgen predmet h'a'm waqıyalardın' obrazların ko'z aldına keltiriwi kerek.

Kartanı biliw ushın orında bag'dar alıwdı, gorizont ta'replerin, masshtab penen islewdi, orınnın' planın oqıwdı h'a'm sızıwdı biliwi kerek.

Onnan keyin oqıwshılar globus h'a'm kartalarda geografiyalıq ken'lik h'a'm boylıqlardı anıqlaw, tu'rli mazmundag'ı kartalardı oqıwdı, kartanın' tiykarg'ı qolaylı h'a'm kemshilik ta'replerin anıqlawdı biliw kerek.

Oqıwshılar kartanı bilse sha'rtli belgiler h'a'm jazıwlar tiykarında territoriyanı sıpatlawg'a u'yrenedi. Sonday-aq oqıwshılar kartanı so'ylep beriwge h'a'm o'z-ara baylanıs h'a'm qatnasıqlardı ashıp beriwge ja'nede kartada ayırım ko'rsetilmegen na'rselerdi de aytıp beriwge u'yrenedi.

Kartanın' geografiya pa'nin oqıtıwdag'ı xızmetin mikroskoptın' ta'biyat tanıw pa'ni ushın xızmeti menen ten'lestiriw mu'mkin. Sebebi, geografiyanın' obekti u'lken maydan. Ol maydandı yaki bir eldi, sol eldin' bir bo'limin kartadan oqıg'anda bul obektlerdin' ju'da' kishireyip ko'rsetiliwi, mikroskopta mikroorganizmlerdin' u'lkeyip ko'rsetiliwi menen birdey a'h'miyetke iye. Sonlıqtan da geografiyalıq kartanı oqıp u'yreniw geografiyanı oqıtıwdın' pu'tkil barısında, onın' da'slepki tu'siniginen baslap, en' aqırg'ı juwmaqlarına shekem paydalanıladı.

Shın ma'nisinde mug'allim h'a'r bir geografiyalıq bilimge tıyanaqlılıq beredi h'a'm kartanı geografiyanı oqıp u'yreniwdegi baslı oqıw quralı retinde a'h'miyetli orıng'a qoyadı.

Kartalar masshtabı, territoriyanı qamtıwı h'a'm mazmunı boyınsha bo'linedi. Al olar oqıw isindegi atqaratug'ın xızmetlerine qaray *diywalıy h'a'm stol u'sti* kartaları dep ekige bo'linedi.

Mektep praktikasında ko'birek paydalanılatug'ın karta diywalı kartalar. Geografiya sabag'ında bul karta diywalg'a ildirilip qoyılıp, bir waqıtta h'a'mme oqıwshılardın' ko'riwine mu'mkinshilik tuwdıradı.

Bul diywalı kartalardı islegende olardın' mazmunı bir neshe metr qashıqlıqtan tu'siniwdin' za'ru'rligi esapqa alınıp, sha'rtli belgileri basqa kartalarg'a qarag'anda irirek bolıp du'ziledi. Diywalı kartalardın' ko'leminin' u'lkenligi olarda ko'p belgilerdi ornalastırıwg'a mu'mkinshilik beredi.

Mug'allim diywalı kartalardı h'a'mme klass penen sabaq h'a'm a'meliy jumıs waqtında, gu'rrin'lesiw payıtında, temanı tu'sindirgende yamasa bir tarawdı juwmaqlaw lektsiyalarında ja'rdemshi qural retinde paydalanadı.

Geografiya mug'allimi diywalı kartadan oqıwshılardın' oqıw quralındag'ı yamasa atlas kartaları boyınsha jeke tapsırmalardı orınlawında, oqıwshılardı jeke h'a'm ulıwma xarakterde tekserip ko'riw jumıslarında paydalanadı.

Al, stol u'sti oqıw kartası bolsa, ol oqıwshının' jeke tayarlanıwı ushın arnalg'an. Sonlıqtan da h'a'r bir oqıwshıda paydalanıw ushın bunday kartanın' o'z ekzemplyarı bolıwı tiyis.

Ha'mme kartalar klasslardın' basqıshına qaray o'zine ta'n o'zgesheliklerge iye bolıp, olardın' tematikası h'a'm mazmunı geografiya pa'ni boyınsha du'zilgen sabaqlıq programması menen anıqlanadı.

**Kartogrammalar h'a'm kartadiagrammalar.** Geografiya sabaqların oqıtıwda h'a'm u'lke tanıw jumıslarında kartogrammalar h'a'm kartodiagrammalardan ken'irek paydalanadı. Kartogramma h'a'm kartodiagrammalar arqalı territoriyanın' bo'liniwi boyınsha sanlıq ko'rsetkishler beriliwi mu'mkin.

Kartogramma h’a’m kartodiagrammalardın’ a’h’miyetli ta’repi grafikalıq su’wretler a’piwayı tu’rde ko’rsetiledi. Kartodiagrammalardı du’ziwde to’mendegi jumıslar orınlanadı.

1. Kartodiagrammalastırılatug’ın rayon territoriyasının’ shegeraları konturg’a tu’siriledi.

2. Diagrammalastırılatug’ın ko’rsetkishlerdin’ masshtabı tan’lap alınadı.

3. Diagrammalıq belgilerdin’ sanı esapqa alınadı.

4. Konturg’a diagrammalıq belgiler qoyıladı h’a’m ko’rip shıg’ıladı.

5. Juwmag’ında kartodiagrammalar isleniledi.

**Karta sxemalar.** Ko’rgizbeli qurallar bir tu’rde bolsa oqıwshılardın’ qızıg’ıwshılıg’ın pa’seytedi. Sonlıqtan sabaq barısında h’a’r qıylı ko’rgizbeli qurallardan paydalanıw oqıwshılardın’ qızıg’ıwshılıg’ın arttıradı. A’sirese, oqıtıwshının’ basshılıg’ında oqıwshılardın’ o’zleri islegen ko’rgizbeli quralları og’ada a’h’miyetli. Sebebi, bunday ko’rgizbeli qurallar oqıtıwshı menen oqıwshının’ abırayın ko’teredi.

Bunday ko’rgizbeli qurallarg’a -karta sxemalardı kirgiziwge boladı.

Karta sxemalardı ko’rgizbeli qural sıpatında paydalanıwdın’ eki jolı bar:

*Birinshiden* - onı diywalı kartalar sıyaqlı u’lken tu’rde islew mu’mkin.

*Ekinshiden* -karta -sxemalardı epidiaskop h’a’m basqada texnikalıq qurallar ja’rdeminde ekranda ko’rsetiw mu’mkin.

Karta- sxemalar arqalı ma’mleketlerdin’, rayon h’a’m qalalardın’ geografiyalıq ornı ko’rsetiledi. Karta-sxemalar geografiyalıq salıstırıwlarda ken’ qollanıladı.

Mısalı: 6-klassta Antrakitda temasın o’tkende Arktika h’a’m Antarktikanı salıstırıp ko’riwge boladı. Sonday- aq qa’legen ma’lekettin’ territoryasın karta sxema arqalı basqa mamleketler menen salıstırıp ko’rsetiwge boladı. Karta sxemalar arqalı ekonom-geografiyalıq orınnın’ o’zgeriwin de ko’rsetiwge boladı.

Mısalı Tashkent qalasının’ ekonomikalıq geografiyalıq ornının’ o’zgeriwi h’aqqında karta sxemalarda ko’rsetkende.

Karta sxemalar ja'rdeminde ma'mleketlerdin' transport penen ta'miyinleniwi da'rejesin de ko'rsetiw mu'mkin. Karta-sxemalardı fotomontajlar ja'rdeminde ken'irek etip ko'rsetiwge boladı.

Mısalı: Jer ju'zinin' na'wbetshi kartası fotomontajlar menen ko'rsetiwge boladı.

**Kartagrafiyalıq eskizler.** Geografiya oqıtıwshıları ushın klass taxtası h'a'm por tiykarg'ı ja'rdemshi qural bolıp tabıladı.

A'sirese kartografiyalıq eskizler sızg'anda klass taxtası h'a'm pordan ken'irek paydalanamız. Mısalı: Orta Aziyanın' relefi temasın o'tkende Orta Aziya h'a'm Qazaqstannın' ta'biiy kartasınan paydalanamız.

Bul kartadan taw sistemaların bilip alıw biraz qıyın. Sonlıqtan mug'allim onın' baslı taw dizbeklerin sxemalıq ko'rnisinde berse oqıwshılar ushın tu'sinikli boladı.

## I.3. Geografiya sabag'ın oqıtıwda texnikalıq ko'rgizbe qurallardan paydalanıw

Geografiya sabag'ında oqıtıwshılardın' h'a'r ta'repleme bilimli bolıp jetilisiwine, bilim beriwde, onı turmıs h'a'm ilim menen baylanıstırıwda texnikalıq ko'rgizbeli qurallardın' roli u'lken.

Oqıtıwshıdag'ı ko'rgizbelilik oqıwshılardın' geografiyalıq tu'siniklerin ken'eytedi h'a'm sabaqtın' tu'sinikli bolıp onı oqıwshılardın' puxta o'zlestiriwine imkaniyat beredi. Tu'rli ko'rgizbeli qurallar geografiyalıq bilimlerdin' jaqsı o'zlestiriwine h'a'm uzaq saqlanıwına sebepshi boladı.

Eger ayrım pa'nler ushın ko'rgizbeli oqıtıw illyustrativ material sıpatında xızmet etse, geografiya ushın olar en' a'h'miyetli bilim deregi bolıp tabıladı.

Geografiya sabag'ın oqıtıwda ko'rgizbeli qurallardan paydalanıw tek qızıqlı h'a'm kewilli bolıp qoymastan bul oqıwshılarda geografiyalıq bilimlerdin' qa'liplesiwine tiykar saladı.

Geografiya sabag'ın oqıtıwda ko'plegen h'a'r qıylı ko'rgizbeli qurallardan paydalanıwg'a boladı. Mısalı: geografiyalıq kartalar, kartinkalar tablitsalar,

modeller, kollektsiyalar h'a'm tag'ı basqalar. Bular menen bir qatarda zamanago'y texnikalıq /ekranlı-dawıslı/ qurallarda paydalanıladı.

Olar qıymılsız /diopozitivler, diofilmler kodoskop ushın transparantlar h'a'm h'a'reketli / kinofilmler, tele ko'rsetiwler / bolıp bo'linedi.

O'zbekstan Respublikası Oliy Ma'jlisinin' IX sessiyasında kadrlar tayarlawdın' milliy da'stu'ri h'a'm «Bilimlendiriw h'aqqında nızamnın'» qabıl etiliwi respublikamızda ta'lim ta'rbiya jumısların tu'pten o'zgertiwdi, onı h'a'zirgi zaman talabı da'rejesinde ko'teriwdi aldımızg'a baslı wazıypa etip qoydı.

Jaslarımızg'a oqıw barısında ilimiy progress jetiskenliklerinen ken' tu'rde paydalanıp, h'a'zirgi zaman talabına say teren' bilim beriwimiz baslı maqsetimiz bolıp tabıladı.

Geografiyanı oqıtıw oqıwshılarg'a siyasiy-idealıq ta'rbiya beriwde og'ada a'h'miyetli. Ha'zirgi bazar ekonomikası qatnasıqların u'yreniwde de geografiya iliminin' roli ku'shli. Oqıtıwdın' texnikalıq qurallarınan paydalanıw jaslarg'a tıyanaqlı bilim beriwge ken' jol ashpaqta. Ekranlı dawıslı qurallardan paydalanıw oqıwshılardın' h'aqıyqıy bilim da'rejesinin' artıwına, rawajlanıw nızamlıqların teren' tu'siniwge, qubılıslar arasındag'ı baylanıslardı biliwge ja'rdemlesedi. Texnikalıq qurallardan paydalanıw na'tiyjesinde qubılıs h'a'm h'a'diyselerdi teren'irek wyrenemiz.

Texnikalıq qurallardın' ja'rdeminde oqıwshılar klassta otırıp ilimiy-izertlew institutlarının' laboratoriyasında baqlaw stantsiyalarında h'a'm ekspeditsiyalıq korabllerde bola aladı. Sonday-aq ilimpazlardın' tvorchestvolıq miynetlerinin' guwası boladı. Ka'rxanalardın' o'ndiris protsessin baqlaydı h'a'm atızlarda boladı.

Xalıq aralıq jag'daylardı, xojalıqtag'ı kundelikli o'zgerislerdi o'z waqtında tez jetkeriwde televidenie h'a'm radio ayrıqsha rol oynaydı.

Sabaqta ekranlı-dawıslı texnikalıq qurallardı paydalanıw oqıwshılarg'a bilim beriw barısında ta'rbiyalıq a'h'imiyeti bar. Oqıw filmleri h'a'm ko'rsetiwler tayarlag'anda o'zimizdin' mililiyligimiz, ilimliygi oqıtıw jetiskenshiligimiz h'. t. b. esapqa alınadı.

Sabaq barısında oqıw texnikalıq qurallarınan paydalanıw joqarı ta'sirshen'ligi menen ajıralıp turadı. Ta'jiriybelerge qarag'anda oqıwshılar oqıw materialların sapalı h'a'm turaqlı o'zlestirip aladı. Ekranlı-dawıslı qurallar da'stu'riy oqıtıw quralları menen salıstırg'anda o'zlerinin' texnikalıq jetiskenshiligi menen ayrılıp turadı. Mısalı, ekranda ko'rinisti payda etiw, kartina h'a'm tablitsalardı ulkeytip ko'rsetiw h'.t.b. Ekranda ko'rinisler qag'azdag'ı fotografiyag'a qarag'anda bir qansha joqarı sapada ko'rsetiledi. Ren'ler anıq bir-birinen ajralıp ko'rsetiledi.

Ekranda berilgen ko'rinisler arqalı ko'p mag'lıwmatlardı oqıwshılarg'a beriw bir qansha joqarı ta'sirshen'ligi menen ayrıladı. Oqıw materialların tolıq o'zlestiriwge ja'rdem beredi.

Oqıtıwdın' texnikalıq qurallarıko'rsetilgen jetiskenshilikleri menen bir qatarda o'zine ten kemshilikleri bar,.Olardı paydalanıwda waqıt sheklengen boladı, h'a'm biraz qıyınshılıqlar payda etedi. Ma'selen, kadaskop, televizor, dioproektordan basqaları imarattı qaran'g'ılawdı talap etedi. Bul sabaqtın' barısın buzadı, oqıwshılardın' kerekli materiallardı jazıp alıwın qıyınlastıradı. Sonlıqtan geografiya sabaqlarında oqıtıwdın' texnikalıq qurallarınan paydalanıw boyınsha ma'sele ele tolıq metodikalıq jaqtan sheshilgen joq.

Usı sebepli oqıw jılı dawamında ekranlı-sesli qurallardan paydalanıwdın' normaları boyınsha anıq ko'rsetpe beriw qıyın. Degen menen ekranlı-sesli qurallardan paydalanıw arqalı oqıw protsesin elede jetilistiriuge mu'mkinshiliklerdi ashıwg'a boladı.

**Geografiya sabag'ında proektsion apparatlardan paydalanıw.** Geografiya sabag'ın oqıtıwda qollanılatug'ın texnikalıq qurallar eki turde boladı:

1. Proektsion apparatlar (dioproektor)
2. Televidenie, kompyuter.

Proektsion aparatlar episkop, epidiaskop, diaskop, dioproektor apparatlarına ajraladı.

Episkop. Bul apparat tu'rli su'wretler, fotosuwretler, jazıw h'a'm buyımlardı ekranda ko'rsetedi. Episkop jaqtırtqısh dereginen tu'sken nurdı nur qaytarg'ısh ko'zi arqalı obekt ko'rinisin ekrang'a tu'siredi.

Diaskop. Ayna plenkadag'ı diapozitivlerdin' ko'rinisin ekrang'a tu'siredi. Epidiaskop bolsa episkoptın'da proektsion fonardın'da xızmetin atqaradı. Diaskop apparatları to'rt tu'rge bo'linedi. Proektsion fonar, filmoskop, diaproektor h'a'm kinoapparat.

Proektsion fonar menen islew kishkene shiyshege, kinoplenkag'a h'a'm basqada plastinkag'a tu'sirilgen su'wretler-diapozitivler proektsion fonar ja'rdeminde u'lkeytilip ekrang'a tu'siriledi. Ekranda u'lkeytip ko'rsetilgen su'wretler oqıwshılar ushın qa'dimgi su'wretlerge qarag'anda qızıqlı h'a'm tu'sinikli boladı.

Diapozitivlerdi mektepte tayarlaw mu'mkin. Oqıwshılar o'zleri tayarlag'an diapozitivlerdi inta menen tamasha qıladı. Ha'r bir ko'rgen na'rseleri uzaq waqıt esten shıqpaydı. Diapozitiv ko'rsetiw ushın fonardın' diapozitivi ornatılatug'ın ramkasın bir ta'repke ısırıw kerek ramkanın' kasetasına diapozitivtin' awdarılg'an ta'repi qoyıladı, sonda fonar proekti tu'siriletug'ın suwrettin' ko'rinisi ekranda tuwrı ko'rinedi. Bir sabaq dawamında ko'rsetiletug'ın diapozitivler sanı 10-12 danadan atrpawı kerek.

Filmoskop. Bul arqalı diafilmler ko'rsetiledi. Diafilmler bir temag'a arnalıp bir neshe diapozitif plenkalarg'a tu'sirilgen boladı. Diafilm sabaq baslanıwdan aldın jan'a materiallardı u'yreniw temanı ta'kirarlaw yaki bekkemlew waqtında sonday-aq sabaqtan tıs waqıtlarda ko'rsetiliwi mu'mkin. klassqa ekran ornatıladı h'a'm qaran'g'ılanadı. Ko'rsetiwden bir ku'n burın oqıwshılarg'a eskertip qoyıw kerek. Temag'a tiyisli h'a'm oqıw ta'rbiyalıq talaplarg'a sa'ykes keletug'ın diafilmdi saylap alınadı.

Oqıwshılar diafilmdi ko'rsetiw waqtında sorawlar beriwi h'a'm tu'sindiriwi menen birge, kerekli jerlerin oqıwshılarg'a ayrıqsha tu'sindiriwi, diafilmdi qısqa

anıq so'zler menen so'ylep beriwi kerek. Diafilmler oqıwshılardın' sharshap qalmawın esapqa alıp, 10-15 minut a'tirapındap ko'rsetiliwi mu'mkin.

Ta'jiriybelerden belgili bolg'anınday diafilm ko'restiwin karta menen baylanıstırıp o'tiw jaqsı na'tiyje beredi.

Diafilmnin' bir neshe kadrları ko'rsetilgennen keyin klass jayı jaqtılandırılıp yaki arnawlı isengen «elektr ko'rsetkish» penen geografiyalıq obektlerdi kartadan ko'rsetip barıwımız kerek.

Mekteplerde diafilmdi paydalanıw kinofilmge salıstırg'anda biraz qolaylı. Diafilm ko'rsetiwde kadrlardı kerekli orında qa'legenshe uslap turıwg'a boladı. Taza temanı diafilm menen o'tkende u'yge tapsırmanın' qa'jetide qalmaydı.

Diaproektor menen islew. Diaproektor menen diafilm h'a'm diapazitivler ko'rsetiledi. Mekteplerde h'a'zirgi waqıtları Lektor-600 , Svityaz LETİ, Markasındag'ı diaproektorlardan paydalanbaqta. Son'g'ı zamanago'y diaproektorlar film, prezentatsiyalar, kesteler komyuterde tayarlang'an qalegen na'rseni ko'rsetiw mu'mkinshiligine iye. Derlik barlıq mektep, oqıw orınlarında bunday diaproektorlardan paydanılmaqta.

Dioproektor LETİ basqa proektsiyalı apparatlarg'a, yag'nıy epidiaskop h'a'm filmoskopqa salıstırg'anda bir neshe qolaylıqlarg'a iye. 1.Da'slep dioprektorda belgili bir aralıqta turıp basqarıw mu'mkin. 2. Diofilm plenkasındag'ı kadrlardı gorizontal /koldenen'/ h'a'm vertikal /tigine/ h'alda ko'rsetiw mu'mkin.

3. Klasstı qaran'g'ılamastan burın aq ko'rinisti ekranda ko'rsetiw mu'mkin.

4. Dioproektordı jag'ıp o'shiriw h'a'm basqarıw tochkası /pult/ ko'rsetkishtin' o'zine ornatılg'an. Ko'rsetkishtin' arnawlı teleskop trubkası bar.

Dioproektordı 10 m. shekemgi bolg'an aralıqta basqarılıwı, oqıwshıg'a ja'rdemsiz kisisiz tiyisli waqıt apparttı iske qosıwg'a, bir kadrdan ekinshi kadrg'a /diafilm lentasının' jaylasıwına qarap aldıng'ı kadrg'a keyingi kadrg'ada / o'tkize alıwı h'a'm ayrım kadrlarda qa'legen waqıttqa shekem toqtatıp turıw imkaniyatın beredi. Kino mekteplerde jan'a oqıw qualların berdi. Kino ko'rsetiwler arqalı oqıwshılar ayrıqsha ko'riw h'a'm baqlaw qıyın bolg'an qubılıs h'a'm

o'zgerislerdi ko're aladı. Sonday-aq olar qıyın h'a'm onın' anıq emes obektlerdi jaqsıraq ko'riwge u'yrenedi.

Geografiyalık oqıw kinofilmleri oqıwshılardın' sabaq temaların jaqsı u'yreniwge ja'rdem beredi.

Oqıwshılar kino filmlerdi ko'riw waqtında tek temag'a baylanıslı teoriyalıq bilimlerdi u'yrenip qoymastan, ba'lkim bir qansha a'meliy ko'nlikpelerde payda boladı. Kinofilmlerde ta'biyiy qubılıslardag'ı o'zgerisler a'ste ko'z ko'z aldımızg'a ko'rsetiledi. Eger diapozitivlerde yaki diafilmlerde taw jınıslarının' ıdırawı birden ko'rsetilse, kinofilmlerde waqıt dawamında taw jınıslarının' ıdırawı ko'z aldımızda h'a'reket arqalı ko'rsetiledi. Ren'li filmler uzaq ellerdin' ta'biyatı h'aqqında h'aqıyqıy ko'rinislerdi beredi. Kinofilmlerdin' ja'ne bir a'h'miyetli jag'ı onda dawıs tolqınları jazılıp h'a'm oqıwshılar ushın a'h'imiyeti og'ada ulken.

Filmde obektlerge analiz jasaladı h'a'm onın' en' kerekli ta'repi esapqa alınadı. Filmdi montajlaw uaqtında sintezlenedi.

Oqıw kinofilmleri h'a'r qıylı didiktikalıq funktsiyalardı atqaradı. Kinofilmlerdin' en' a'h'miyetli xızmeti jan'a bilim beriw bolıp tabıladı. Oqıw kinofilmlerinen sabaq dawamında h'a'm sabaqtan tısqarı waqıttada paydalanıw mu'mkin.

1. Kinofilm oqıtıwshının' qısqasha kiris so'zi menen baslanadı.

2. Kinofilm ko'rsetilgen waqıtta oqıtıwshı tusindirip baradı. Kerekli jerlerinde oqıwshılardın' itibar beriwin eskertip o'tedi, h'a'm ko'rip bolg'annan keyin onı juwmaqlaydı. Oqıtıwshının' kino sabag'ına tayarlag'an-film tan'lawı bolıp tabıladı. Bunın' ushın filmoteka menen jaqsı tanıs bolıwı kerek.

Kino ko'rsetilip atırg'anda oqıtıwshı h'a'r bir kadrg'a qısqasha tu'sinik berip barıwı kerek. Tu'sinik kadr menen sinxronlıqta barıwı kerek. Kino barısında qısqa soraw juwap penen oqıwshılardın' pikirlerin kerekli jerlerge qaratıp barıwımız kerek. Kinofilm ko'rsetilgende uzaq tu'sindiriwler payda bermeydi. Kinofilmnen keyin juwmaqlawshı sa'wbet karta menen baylanıslı alıp barıladı.

## II-BAP. GEOGRAFİYaDA JERGİLİKLİ KO'RGIZBELI MATERİALLARDAN PAYDALANIW

### II.1. Jergilikli ko'rgizbeli materiallardın' bilim beriwdegi a'h'imiyeti

O'zbekstan Respublikasında son'g'ı jıllarda barlıq tarawlarda a'melge asırılıp atırg'an reformalar o'zinin' na'tiyjelerin bermekte. O'zbekstan Respublikasının' «Bilimlendiriw h'aqqında» g'ı Nızamı h'a'm «Kadrlar tayarlaw milliy da'stu'ri» ne muwapıq u'zliksiz bilimlendiriw tizimi a'melge aspaqta. Ha'zirgi waqıtta kadrlar tayarlawdın' milliy modeli tiykarında na'wqıran a'wlad h'a'm bilimli kadrlar tayarlawg'a bag'darlang'an sıpat basqıshı a'melge asırılmaqta. Usı basqıshta tiykarg'ı itibar «bilimlendiriw orınlarında materiallıq-texnikalıq h'a'm xabar qu'ralları bazasın bekkemlewdi dawam ettiriw, oqıw-ta'rbiya protsessinde joqarı sıpatlı oqıw a'debiyatları h'a'm aldın'g'ı pedagogikalıq texnologiyalar menen ta'miyenlew» ge qaratılmaqta.

Bizge jaqsı belgili, ja'miyettin' rawajlanıwı, respublikamızdın' rawajlang'an ma'mleketler qatarınan orın iyelewi tikkeley xalıq xojalıg'ının' h'a'r qıylı tarawlarında xızmet ko'rsetiwshi qa'niygelerdin' bilim da'rejesi h'a'm sheberligine baylanıslı. Bilimli qa'niygelerdi tayarlawg'a bolg'an sotsiallıq talaptın' a'h'imiyeti h'aqqında O'zbekstan Respublikası Prezidenti İ.A.Karimov to'mendegilerdi atap o'tti: «…talim-tarbiya ong mah'suli, lekin ayni vaqtda ong darajasi va uning rivojini h'am belgilaydigan, yani, xalq manaviyatini shakllantiradigan va boyitadigan eng muh'im omildir.Binobarin, talim-tarbiya tizimini va shu asosda ongni o'zgartirmasdan turib,manaviyatni rivojlantirib bo'lmaydi »[3].

Na'wqıran awlad h'a'm bilimli qa'niygelerdi tayarlawda ulıwma bilim beretug'ın orta mekteplerdin' ornı, oqıw orınlarda oqıwshılarg'a berilip atırg'an bilim mazmunı o'zine ta'n orın tutadı. Kadrlar tayarlaw milliy modeli ideyasına muwapıq alıp barılıp atırg'an sotsiallıq bag'dardın' da'slepki basqıshında ta'limnin' jan'a mazmunın ko'rsetiwshi Ma'mleketlik bilimlendiriw standartları,

---

[3] Каримов И.А. Юксак маънавият-енгилмас куч.-Т.: Маънавият, 2008.61-б.

oqıw da'stu'ri, sabaqlıqlar h'a'm qollanbalar jaratıldı. Na'wbettegi wazıypa olardın' mazmunın ja'nede jetilistiriwden ibarat.

Ulıwma bilim beretug'ın orta mekteplerde oqıtılıwı jolg'a qoyılg'an pa'nler arasında geografiya pa'ni o'zine ta'n joqarı da'rejege iye. Tiykarınan, usı oqıw orınlarının' 5–klasında o'zlestiriliwi na'zerde tutılg'an ta'biyiy geografiya baslang'ısh kursı oqıwshılarg'a tek g'ana da'slepki geografiyalıq bilim tiykarları h'aqqında mag'lıwmatlar berip qoymastan, olarda o'zlerinin' tuwılıp o'sken u'lkesinin' ta'biyatı, geografiyalıq o'zgeshelikleri, paydalı qazılmaları, h'aywanat h'a'm o'simlikler du'nyası, o'zi jasap turg'an ornı h'aqqında tu'sinik beriw arqalı Watandı su'yiw sezimin ta'rbiyalawg'a xızmet etedi. Bul h'aqqında oqıw islerinin' sapalılıg'ın asırıw, bilimlendiriw protsessinin' sıpatın jaqsılaw, pedagogikalıq texnologiyalardı engiziw, sonday-aq, bul bag'darda jergilikli materiallardan maqsetke muwapıq h'a'm o'nimli paydalanıwdı talap etedi.

Ta'biyiy geografiyanın' baslang'ısh kursın oqıtıwda jergilikli ko'rgizbeli qurallardan paydalanıw, birinshiden, geografiyalıq tu'siniklerdin' oqıwshılar ta'repinen ko'rgizbelilik tiykarında o'zlestiriwlerin ta'miyinlese, ekinshiden o'z watanının' klimatlıq, geoekologiyalıq o'zgeshelikleri, sonday-aq, h'aywanat h'a'm o'simlik du'nyası menen jaqınnan tanısıw imkanın beredi.

Ulıwma bilim beretug'ın orta mekteplerde ta'biyiy geografiya baslang'ısh kursında jergilikli ko'rgizbeli qurallar sıpatında to'mendegilerden paydalanıw maqsetke muwapıq bolıp tabıladı.

1) Geografiya pa'ninin' rawajlanıwına o'zinin' mu'na'sip u'lesin qosqan alımlar h'a'm ilimpazlar;

2) Tu'rli taw jınıslarınan ibarat kollektsiyalar;

3) O'simliklerden tayarlang'an gerbariylar;

4) Haywanatlar h'aqqında mag'lıwmat beriwshi tulıplar;

5) Topıraqlardan kollektsiya du'ziw;

6) Ta'biyiy obektler (oqıwshılardı tikkeley tanıstırıw mu'mkin bolg'an janlı, jansız obektler, ta'biyiy h'a'diyseler);

7) Ta'biyiy obektlerdin' ko'rgizbe maketleri.

Ta'biyiy geografiya baslang'ısh kursında oqıw materiallarının' oqıwshılar ta'repinen teren' o'zlestiriw printsiplerinin' biri olardı jergilikli ko'rgizbeli qurallar toplamın jaratıwg'a qaratıw bolıp esaplanadı. Tiykarınan kurs mazmunınan orın alg'an belgili temalardı u'yreniw yaki sabaqtan tıs sharayatta tu'rli obektler (da'rya, kanal, ten'iz h'a'm ko'l boyları), sonday-aq taw, sho'l yaki to'beshiklerge oqıw sayaxatları waqtında oqıtıwshı basshılıg'ında oqıwshı ta'repinen jergilikli ko'rgizbeli qurallar toplamının' jaratılıwı, tema boyınsha teoriyalıq bilimlerdin' ta'biyiy obektlerdi ko'rsetiw tiykarında beriliwi puxta o'zlestiriwge imkaniyat berse, ekinshiden o'zlestirilgen teoriyalıq bilimlerge su'yenip, a'meliy jumıs alıp barıw ko'nlikpeleri (ta'biyiy obektlerdi anıq belgilerine qarap tabıw,tabiyiy qubılıslar, olardın' payda bolıw sebeplerin analizlew h'a'm t.b.) qa'liplestiriledi.

Qaraqalpaqstan Respublikasında geografiyalıq qabıqtın' ta'biyiy obektleri ko'plep u'shırasadı: tegislik, plato,taw, da'rya, ko'l, tog'ay, sho'l, taqır h'a'm t.b. Oqıwshılar bulardı ta'biyattın' o'zinde ko're alıp, za'ru'r geografiyalıq tu'sinikler payda etiw imkaniyatına iye boladı.

Ko'rgizbeliliktin' a'h'imiyetin teren'irek pikirley alıp, belgili teoriyalıq, a'meliy juwmaqqa keliw geografiya ta'limindegi aktual wazıypa bolıp sanaladı. Ta'biyiy geografiya baslang'ısh kursında jergilikli ko'rgizbeli qurallardan paydalanıw a'meliyatın baqlaw, didaktikalıq printsiptin' bilimlendiriw tarawın asırıwda roli u'lken ekenligin ko'rsetedi. Bul ma'seleni analizlew arqalı, ko'rgizbelilikte u'lketanıw materiallarınan paydalanıw, ta'lim mazmunın bayıtıw, ta'limnin' jan'a usılları h'a'm onı engiziw, ta'lim protsessin qa'liplestiriwge ja'rdem beredi. Mektep oqıwshılarının' jergilikli ko'rgizbeli qurallardan paydalanıwı geografiya ta'limi ushın en' tiykarg'ı a'h'miyetke iye.

G'a'rezsizlik jıllarında sotsiallıq turmıstın' barlıq tarawlarında bolg'anınday xalıq bilimlendiriw sistemasında da tu'pten o'zgerisler a'melge asırıla basladı. O'zbekstan Respublikasının' «Bilimlendiriw h'aqqında» g'ı Nızamı h'a'm «Kadrlar tayarlaw Milliy da'stu'ri» inde bilimlendiriw sistemasın tu'pten

jan'alaw, u'zliksiz ta'lim tizimin payda etiw h'a'm ta'lim-ta'rbiyanın' na'tiyjeliligin ta'miyinlewde jetik insan h'a'm bilimli qa'niygelerdi ta'rbiyalaw u'lken a'h'miyetke iye sotsiallıq zarurlik ekenligi atap o'tildi.

Hakıyqatında da, ja'miyette bazar ekonomikasına tiykarlang'an sotsiallıq qatnasıqlar qa'liplesken barlıq tarawlarda keskin ba'seke ju'zege kelip atırg'an h'a'zirgi sharayatta ruwxıy jetik, qa'niygelik bilimlerin puxta iyelegen, islep shıg'arıw protsessinde ju'zege keliwshi h'a'r qanday jag'daydı tuwrı bah'alay alatug'ın, sonday-aq g'a'rezsiz pikirlew qa'biletine iye ta'jiriybeli qa'niygelerdi ta'rbiyalaw O'zbekstan Respublikasının' du'nyanın' rawajlang'an ma'mleketleri qatarınan mu'na'sip orın iyelewine imkaniyat jaratıp beredi.

Bizge jaqsı belgili, bilimli qa'niygelerdi tayarlaw u'zliksiz bilim tiziminin' barlıq basqıshlarında jumıs alıp barıp atırg'an bilimlendiriw mekemelerinde bilimlendiriwdi qa'liplestiriwde na'tiyjelilikke erisiw esabınan boladı. Bilimlendiriw h'a'm islep shıg'arıw integratsiyasının' ju'zege keliwi, oqıw protsesinin' rawajlang'an texnika h'a'm zamanago'y texnologiyalıq qurallarda sho'lkemlestiriliwi de bul bag'darda jetiskenlikke erisiw imkaniyatın beredi.

Oqıwshılar ta'repinen olardın' dıqqatına usınılıp atırg'an a'meliy mag'lıwmatlardın' jeterli da'rejede qabıl etiliwi, tu'sindiriliwi h'a'm olar h'aqqında belgili tu'siniklerdin' bolıwına erisiwde ko'rgizbeli qurallardın' a'h'imiyeti h'a'm roli u'lken. «Oqıwshıda o'zine tanıs mag'lıwmattı tek ayrım jag'daylarda-bul materiallar aldında turg'anda g'ana eslew imkaniyatı boladı»[4].

Demek, oqıw protsesin ko'rgizbeli qurallar ja'rdeminde sho'lkemlestiriw didaktikalıq maqsetlerdi tolıq sheshiwge xızmet etedi. Ko'rgizbeli qurallar arasında jergilikli materiallar sanalıwshı qurallar u'lken orın tutadı.

A.V.Darinskiy ko'rsetpe qurallar h'aqqında to'mendegishe pikir bildirgen: «Mektep geografiyası kursında aytıp o'tilgen ko'pshilik anıq predmetler h'aqqında oqıwshılarda ko'nlikpe h'a'm tu'siniklerdi payda etiw ushın oqıw kollektsiyalarınan paydalanıladı. Bunday kollektsiyalar oqıwshılarg'a az ma'lim

---

[4] Селевко Г.К. Современные технологии. –М.: Народное образование.1998, 25-б.

bolg'an yaki ulıwma ma'lim bolmag'an, biraq geografiyanı u'yreniw ushın belgili bolg'an h'a'r tu'rli predmetler jıyındısınan ibarat bolıp esaplanadı»[5].

Jergilikli ko'rgizbeli qurallarg'a belgili alımlar portretleri, taw jınıslarınan ibarat kollektsiyalar, o'simliklerden tayarlanılg'an gerbariyler, topıraq u'lgileri h'a'm basqalar kiredi.

Demek ko'rgizbeli qurallar ja'rdeminde oqıtıwshı oqıwshılardı pikirlewge u'yretiw h'a'm balanın' alg'a umtılıwına jol ashıp beredi.

Ta'biyiy geografiyanın' baslang'ısh kursın oqıtıwda jergilikli ko'rgizbeli qurallardan paydalanıw arqalı, oqıw materiallarının' oqıwshılar ta'repinen tolıq o'zlestiriliwin ta'miyinlese, ekinshiden milliy qa'diriyatlar a'h'imiyetin an'law, xalqımız tariyxın biliw, onın' bul jag'dayınan ruwıxlanıw, keleshek ushın qayg'ırıw qa'siyetlerinin' payda bolıwına imkaniyat jaratadı.

Sabaqlardı ko'rgizbeli qurallar metodı tiykarında qa'liplestiriw didaktikanın' en' za'ru'r ta'replerinen esaplansada, bilimlendiriw maqsetine jeterli da'rejede erisiwin ta'miyinley almaydı. Ko'rgizbeli qurallar u'yrenilip atırg'an predmet h'a'm h'a'diyselerdin' bir yaki bir neshshe qa'siyetlerin u'yreniwde oqıwshılarg'a teren' h'a'm puxta mag'lıwmat beriwge xızmet etiwshi faktorlardan biri esaplanadı.

«Ko'rgizbeli usıl-oqıwshılarg'a ko'rsetiletug'ın qollanbalar-karta, plakat, taxtadag'ı sızılma h'a'm su'wretler, alımlardın' su'wreti h'a'm basqalardı ko'rsetiwdi na'zerde tutadı. Bilimlendiriwdin' ko'rgizbeli usıllarının' o'zine ta'n qa'siyeti sonnan ibarat, olar so'z benen ta'riyiplew usılı menen birgelesip ketedi.So'z h'a'm ko'rgizbeliliktin' ajıralmas baylanıslılıg'ı obektiv tu'rdegi nızamlardın' turmısta birgelikte qollanılıwın talap etedi»[6].

Ko'rgizbeli oqıtıw belgisiz ko'nlikpelerge h'a'm so'zlerge tiykarlanbay, ba'lkim oqıwshılar tuwrıdan-tuwrı qabıl etetug'ın anıq obrazlarg'a tiykarlanadı. Usı obrazlardı oqıw protsesinde oqıwshılar oqıtıwshılardın' basshılıg'ına

---

[5] Даринский А.В. Методика преподавание географии – М.: Просвещение 1991
[6] Даринский А.В. методика преподавание географии. Москва. Просвещение 1991.

tayang'an h'alda o'zlestiriwi kerek. Oqıwshı ta'repinen ta'biyiy ortalıqtı g'a'rezsiz tu'rde baqlaw obrazlar rolin tolıq an'lawın ta'miyinley alıwı lazım.

Abu Rayxan Beruniy, Abu Ali İbn Sino, Muh'ammed al-Xorezmiy, Abu Nasr Farabiy, Axmad al-Farg'oniy h'a'm Maxmud Qashqariylardın' shıg'armalarında bilimdi ko'rgizbelilik tiykarında sho'lkemlestiriw h'aqqında ko'plep mag'lıwmatlar ushıraydı. Atap aytqanda, Abu Rayxan Beruniy bul h'aqqında to'mendegi pikirlerdi bayan etedi. «Bizin' maqsetimiz oqıwshını zeriktirip qoymaw. Qayta-qayta bir na'rseni oqıy beriw zerigerli boladı h'a'm sabırdı toltıradı. Eger oqıwshı bir ma'seleden basqa ma'selege o'tip tursa, ol sonday h'a'r-tu'rli bag'-bag'shalardı seyil etkendey boladı, bir bag'dan o'ter o'tpesten, basqa bag' baslanadı. İnsan olardın' h'a'mmesin ko'rgisi h'a'm tamasha etkisi keledi h'a'm h'a'r bir jan'alıq insang'a zawıq bag'ıshlaydı»[7].

Solay eken, h'a'r tu'rli ko'rgizbeli qurallar atap aytqanda, jergilikli ko'rgizbeli qurallar geografiya sabaqlarının' qızıqlı h'a'm na'tiyjeli sho'lkemlestiriliwine xızmet etiwine gu'man joq.

Ko'rgizbeli qurallardın' pedagogikalıq texnologiyada qollanılıwı oqıwshılarg'a tiyisli mag'lıwmattı tu'rli ko'rinis h'a'm usıllarda ko'rsetiw arqalı tez h'a'm anıq tu'sindiriw imkaniyatın beredi.

Biz teoriyalıq bilimlerdi u'yrengenimizde h'a'r kıylı geografiyalıq obektler, qubılıslardın' ko'rgizbeli qurallarınan qansha ko'p paydalansaq, ulıwma teoriyalıq tu'sinikler sonsha teren' boladı. Sonday-aq jan'a bilimlerdi u'yreniw ushın oqıwshılar aldın ala o'zleri biletug'ın ta'jiriybe bilimlerdi esapqa alıwı h'a'm pikirlewi ushın imkaniyat jaratıladı.

## II.2. Jergilikli ko'rgizbeli qurallardan paydalanıwdın' geografiyalıq o'zgeshelikleri

Ta'biyiy geografiya baslang'ısh kursın oqıtıwda jergilikli ko'rgizbeli materiallardan paydalanıw oqıwshılardın' o'z u'lkesin jaqınnan biliwleri, sonday-

[7] Беруний Абу Райҳон. Танланган асарлар. 3 том (Масъул муҳаррир С.Х.Сирожиддинов) –Т.: Фан. 1993.

aq geografiya ta'limin ku'ndelikli turmıs penen baylanıstırıw ushın qolay imkaniyatlarg'a iye. Usı protsesste qorshap turg'an ortalıqta ju'z berip atırg'an ta'biyiy qubılıslar h'a'm geosferanın' du'zilisi h'aqqında geografiyalıq pikirlew h'a'm tu'sinikler an'sat qa'liplesedi.

Oqıw-biliw protsessinde janlı pikirlewden, abstrakt oylawg'a o'tiliwi ushın qolay imkaniyatlar ju'zege keledi. Sabaqtı sho'lkemlestiriwde ko'rgizbeli qurallardan paydalanıw to'mendegi jag'daylarda ju'z beredi. Birinshiden, ko'rgizbeli qurallar oqıwshılarda geografiya sabaqlarına bolg'an qızıg'ıwdı payda etedi. Ekinshiden, olar ta'repinen geografiyalıq tu'siniklerdin' teren' o'zlestiriliwi ta'miyinlenedi. U'shinshiden, oqıwshılardın' du'nya qarası rawajlanadı, na'tiyjede o'zlestirilgen bilim ku'ndelikli ko'nlikpege aylanadı.

Ulıwma bilim beretug'ın orta mekteplerdin' geografiya sabaqlarında oqıwshılar to'mendegilerdi biliwi h'a'm orınlawı za'ru'r.

1. Ayta (ko'rsete) alıw;
2. Anıqlay (o'lshey) alıw;
3. Su'wretley alıw;
4. Tu'sindire alıw;
5. Boljay alıw.

Ta'biyiy geografiya baslang'ısh kursında to'mendegilerdi ayta (ko'rsete) alıwı mu'mkin:

- tawlar, tegislikler, pa's tegislikler, platolar;
- ten'izler, da'ryalar, ko'ller, kanallar,suw saqlag'ıshlar;
-taw jınısları kollektsiyaları: magmatikalıq, sho'gindi, metamorflıq;
- o'simlik h'a'm h'aywanat du'nyasın anıqlay (o'lshey) alıwları za'ru'r;
- ko'z benen shamalap aralıqlardı anıqlaw;
- o'zi jasaytug'ın orınnın' topografiyalıq kartasın su'wretley alıwı;
- kartadan h'a'm globustan geografiyalıq koordinatalar, da'reje torı, paralleller, meridianlardı anıqlay alıwı;

- a’sbaplar ja’rdeminde o’zi jasap turg’an orınnın’ h’awa temperaturasın, ıg’allıg’ın, samal tezligi h’a’m bag’darların anıqlawı;

Ta’biyiy geografiya baslang’ısh kursında to’mendegilerdi tu’sindire alıwı mu’mkin:

- Klimatqa okeannın’ h’a’m h’awa massalarının’ ta’siri;

- litosfera plitalarının’ payda bolıwı h’a’m h’a’reketi;

- lava, magma h’aqqında tu’sinik.

Geografiya sabag’ında jergilikli ko’rgizbeli qurallardan orınlı paydalanıw bilimin asırıw jolında a’melge asırıwshı za’ru’r wazıypalardan biri bolıp esaplanadı.

Geografiya sabag’ının’ a’meliy jetiskenligin asırıw, onın’ mazmunın bayıtıw bilim beriw protsesinde pedagogikalıq texnologiyadan paydalanıw esabınan a’melge asırıladı.

Oqıw materiallarının’ a’h’imiyetine qarap jergilikli ko’rgizbeli qurallardı sonday etip tan’law kerek, birinshiden, oqıwshılar ta’repinen geografiyalıq bilimlerdi an’sat o’zlestiriliwin ta’miyinlese, ekinshiden, olardın’ baqlawshılıq qa’bileti h’a’mde ko’z qarasının’ o’siwine ja’rdem beredi.

Ta’biyiy geografiya baslang’ısh kursın oqıtıw protsessinde qollanılıp atırg’an jergilikli ko’rgizbelerdin’ h’a’r biri oqıw-biliw protsesinin’ na’tiyjeli bolıwında u’lken orın tutadı. Belgili aymaqta tuwrıdan-tuwrı baqlanatug’ın obektler qatarına relef formaları, klimat o’zgeriwleri menen baylanıslı qubılıslar, olardan: garmsel, quyın, ko’shpe qum, sonday-aq Aral ten’izinin’ jag’dayı, usı mashqala na’tiyjesinde ju’z bergen o’zgerisler, topıraqtın’ shor basıwı h’a’m basqalar kiredi.

Ta’biyiy geografiya baslang’ısh kursında taw jınısları kollektsiyasınan paydalanıwda, xalıq xojalıg’ın rawajlandırıwda u’lken a’h’miyetke iye bolg’an to’mendegi paydalı qazılmalardın’ u’lgilerinen paydalanıw maqsetke muwapıq bolıp tabıladı: granit, gneys, bazalt, neft, kristallı slanets, h’a’k tası, mramor, gips, ko’mir.

Oqıwshılar taw jınıslarının' u'lgileri menen tanısıw arqalı olardı bir-birinen ajırata alıw ko'nlikpelerine de iye boladı. Ulıwma bilim beretug'ın orta mekteplerdin' jumısların baqlaw, sonday-aq, ta'jiriybe jumısların alıp barıw protsessinde ayrım temalar boyınsha a'meliy sabaqlardı sho'lkemlestiriw h'a'm olardı tuwrıdan-tuwrı dala sharayatında o'tkiziw unamlı na'tiyjeni beredi. Bunday jag'dayda to'mendegi jergilikli qurallardın' orınlanıwına ayrıqsha itibar qaratıw lazım:

1. Taw jınısların u'yreniwde u'lkemiz aymag'ınan qazıp alınatug'ın paydalı qazılmalardan ibarat kollektsiyalardan paydalanıw;

2. U'lkemiz aymag'ında tarqalg'an topıraq u'lgilerinen paydalanıw;

3.Tu'rli ta'biyiy zonalar, olardın' o'zine ta'n geografiyalıq o'zgesheliklerin u'yreniw protsesinde, usı aymaqta o'siwshi o'simliklerden tayarlang'an gerbariylerden paydalanıw;

Oqıwshılar usı jergilikli ko'rgizbe qurallar ja'rdeminde oqıw materialların an'sat o'zlestiredi. Tan'lag'an ko'rgizbe qurallar u'yrenilip atırg'an obekt ushın ta'n bolg'an za'ru'r belgilerdi o'zinde ja'mlestire alıwına itibardı qaratıw maqsetke muwapıq bolıp tabıladı. To'mende geografiya sabag'ı protsesinde gerbariy, kollektsiya h'a'mde topıraq u'lgilerinen paydalanıwda itibar beriliwi za'ru'r bolg'an ta'riyipler h'aqqında toqtalıp o'temiz.

## II.3. Jergilikli ko'rgizbeli qurallar - janlı ko're alıw obekti sıpatında

Ta'biyiy geografiya baslang'ısh kursın oqıtıw protsesinde jergilikli ko'rgizbeli qurallardan paydalanıw oqıwshılardın' g'a'rezsiz pikir ju'ritiw qa'biletin o'siredi h'a'm rawajlandıradı.

«Geografiya sabag'ı oqıwshılarda jer h'aqqındag'ı ilimiy du'nya qarasların qa'liplestiredi, sotsial-ekonomikalıq bilimlerin asıradı, ja'h'a'n ma'mleketleri tu'rli regionlardag'ı ja'miyet h'a'm ta'biyattın' o'z-ara baylanıslılıg'ı, geografiyalıq obekt, qubılıslar h'aqqındag'ı bilim h'a'm tu'sinikler menen qurallandırıladı»[8].

---

[8] Умумий ўрта таълимнинг давлат талим стандарти ва ўкув дастури.3-махсус сон. – Т.: Шарқ.1999.

Ta'biyiy faktorlar ortasındag'ı o'z-ara baylanıslar, sonday-aq olardın' bir-biri menen baylanıslılıg'ı olardı tuwrıdan-tuwrı baqlaw jolı menen puxta u'yreniledi.

Bunın' ushın oqıtıwshı, birinshiden o'z u'lkesin jaqsı biliwi, baqlaw obektlerin tuwrı tan'lay alıwı, oqıwshılar jetekshiligin asıra alıwı h'a'mde baqlaw na'tiiyjesinde oqıwshılarda ju'zege kelgen pikirlerdi ulıwmalastırıp, olardı sabaq protsesinde a'meliy bilimler menen baylanıstıra alıwı za'ru'r.

Usı kurs dawamında oqıwshılardın' baslang'ısh klasslarda alg'an ulıwma geografiyalıq ko'nlikpe h'a'm tu'sinikleri ken'eyedi, bekkemlenedi.Oqıwshılarda bilim anıq bir sistema tiykarında o'zlestirilip, ko'nlikpe h'a'm tu'sinikleri izbe-izlik payda etiledi.

Oqıwshılarda bar ko'nlikpeler salıstırılıp, ulıwmalastırılıp, analiz etiledi, belgili sistemag'a salınadı na'tiiyjede anıq geografiyalıq ko'nlikpeler payda boladı. Demek, geografiya sabag'ın sho'lkemlestiriwde ko'rgizbeli metodtın' a'h'imiyeti ju'da' joqarı eken.

Ta'biyiy geografiya baslang'ısh kursı tiykarların o'zlestiriw to'mengi klasslarda iyelegen geografiyalıq tu'siniklerine tayanıladı. Olar tiykarında bir qatar jeke geografiyalıq ko'nlikpe h'a'm tu'sinikler payda etiledi. Ma'selen: Qaraqalpaqstan Respublikasının' geografiyalıq ornı, shegaraları, relefi, paydalı qazılmaları, klimatı, ta'biyat zonaları, o'simlik h'a'm h'aywanat du'nyası h'aqqında ko'nlikpe h'a'm tu'sinikler qa'liplestiriledi.

Ta'biyiy geografiya baslang'ısh kursı boyınsha do'gereklerdi sho'lkemlestiriwde jergilikli ko'rgizbeli qurallardan orınlı h'a'm unamlı paydalanılsa, h'a'r bir tema boyınsha anıq mag'lıwmatlardın' beriliwine erisilse go'zlengen maqsetke erisiw mu'mkin.

Ko'rgizbeli metod ja'rdeminde oqıwshı bilmegen, ele an'lap jetpegen obekt h'a'm qubılıslar h'aqqında jeterli mag'lıwmatqa iye boladı.

Ko'rgizbeli metodtan paydalanıwda oqıwshılardı o'z betinshe alıp barıp atırg'an ko'nlikpelerdin' qa'liplesiwine o'z aldına a'h'miyet beriw lazım. Bul oqıwshılarda o'z betinshe alıp barıp atırg'an ko'nlikpelerdi qa'liplestiredi.

Na'tiyje ornında sonı aytıw kerek:

- geografiya ta'limi protsessinde jergilikli ko'rgizbeli qurallardan paydalanıw oqıwshılarg'a teren' bilim beriw menen birge olarg'a emotsional ruwxıy ta'sir ko'rsetedi. Olarda belgili mag'lıwmatlardı jıynaw protsessi tezlesedi, oqıwshılardın' belsendiligin asıradı.

- oqıwshılarda ta'biyiy geografiya baslang'ısh kursında jergilikli ko'rgizbeli qurallar h'aqqında tu'sinik h'a'm anıqlıqlar payda etiledi.

- ta'biyiy geografiya baslang'ısh kursı sabaqlıqlarında oqıwshılardın' jergilikli ko'rgizbeli quralları h'aqqında bilim h'a'm ko'nlikpeler menen qurallandırıwı lazım. Olardın' imkaniyatların jeterli da'rejede u'yreniw h'a'mde oqıw protsessin rejelestiriwde esapqa alıw kerek.

## II. 4. Jergilikli ko'rgizbeli qurallardın' ulıwma geografiyalıq tu'siniklerdin' qa'liplesiwindegi ornı

U'lketanıw materialları ja'rdeminde ulıwma geografiyalıq tu'siniklerdi qa'liplestiriwdin' tiykarg'ı jolı janlı ko're alıwdan abstrakt oylawg'a barıw esaplanadı.

Geografiyalıq tu'siniklerdin' qa'liplesiwi, yag'nıy u'yreniletug'ın obekt h'a'm qubılıslardın' tiykarg'ı o'zgesheliklerin oqıwshılar sana sezimine kiritiwde u'lketanıw materialları u'lken orındı iyeleydi.

Oqıwshılar ta'biyiy geografiya baslang'ısh kursı tiykarların u'yreniw protsessinde ju'da' ko'p geografiyalıq terminler, toponimler, sonday-aq, jergilikli qurallar h'aqqında anıq ko'rinis h'a'm ilimiy tu'siniklerge iye bolıwı lazım. Sonın' menen birge usı pa'ndi oqıtıwda oqıwshılarda jergilikli ko'rgizbeli qurallar tiykarında olardın' a'meliy ko'nlikpe h'a'm qa'niygeligin asırıw maqsetke muwapıq bolıp tabıladı.

Ta'biyiy geografiya baslang'ısh kursın u'yreniw protsessinde ulıwma bilim beretug'ın orta mekteplerinin' 5-klass oqıwshıları tiykarınan to'mendegi teoriyalıq bilim h'a'm a'meliy ko'nlikpelerdi o'zlestiredi:

1. Litosfera, gidrosfera, atmosfera, olardı analizlew metodları h'a'mde ta'biyattın' tiykarg'ı komponentleri, olardın' o'z-ara qanday baylanısı h'aqqında anıq mag'lıwmatqa iye boladı.

2. O'zi jasap turg'an orınnın' ta'biyiy sharayatı, relefi, da'ryaları, ko'lleri, klimatı, suwları, ta'biyat zonaları h'aqqında tu'sinikler payda etiw.

3. Jergilikli ko'rgizbeli qurallardan taw jınıs kollektsiyaları, o'simlikler gerbariyler, topıraq h'a'm basqa qurallar ulıwma geografiyalıq tu'sinikler payda etiwge xızmet etedi.

4. Ta'biyat obektleri h'a'm qubılısları tikkeley geografiyalıq anıqlıq payda etiwde tiykarg'ı derek bolıp xızmet etedi.

Predmet h'a'm h'a'diyselerdi ta'biyatta ta'biyiy h'alda ko'rsetiw menen tu'sinikler an'sat qa'liplesedi. Olar ulıwma geografiyalıq tu'siniklerdi payda etip qoymastan, oqıwshıda o'z u'lkesin, tuwılg'an jerin jaqsıraq biliwge bolg'an qızıg'ıwshılıg'ın oyatadı.

Bunda h'a'diyselerdin' ulıwmalıq h'a'm za'ru'r belgilerin payda etiwshi faktorlar esaplanadı. Tu'sinikler anıq h'a'm anıq emes tu'siniklerge ajıratıladı. Bir pu'tin obektke baylanıslı tu'sinik anıq tu'sinik esaplanadı. Ma'selen: Aziya, Pamir, musson, briz h'a'm tag'ı basqalar. G'a'rezsiz obektler bolg'an predmet h'a'm h'a'diyselerdin' ulıwmalasqan belgi h'a'm de qa'siyetleri h'aqqındag'ı pikirlerdi so'z ja'rdeminde ta'riyplewshi tu'sinikke ulıwmalasqan tu'sinik dep ataladı. Ma'selen: «Qaraqalpaqstan klimatı» h'a'm «xalqının' tıg'ızlıg'ı».

Geografiyalıq bilim tiykarların ta'riplewshi ulıwmalasqan h'a'm quramalı tu'siniklerdi basqıshpa-basqısh o'zlestirip barıw za'ru'r. Ha'r bir sabaqta usınday tu'siniklerdin' a'h'miyetli elementleri h'aqqında pikir almasıwlar ju'rgiziw maqsetke muwapıq boladı.

Geografiyalıq ta’lim na’tiyjeliligin asırıw h’a’m bul jolda jergilikli ko’rgizbeli qurallardan paydalanıwda pa’n oqıtıwshısınan to’mendegi  sha’rtlerge muwapıq is ju’rgiziwi lazım:

1. Geografiya oqıtıwshısı pa’nnin’ obekti h’a’m predmeti h’aqqında anıq mag’lıwmatqa iye bolıwı za’ru’r.

2. Ta’biyiy geografiya baslang’ısh kursında oqıtıwshı sol pa’nnin’ bag’darları h’a’mde olardın’ maqsetlerin biliwi, oqıw protsessinin’ tuwrı sho’lkemlestiriliwi.

3. Jergilikli ko’rgizbeli qurallar ta’biyiy obekt, qubılıslar a’h’imiyetin obrazlı tu’rde ashıp beriliwin ta’miyinleydi.

4. Oqıwshılarg’a ma’mleketlik bilimlendiriw standartları, sonday-aq da’stu’r tiykarında pedagogikalıq texnologiyanı qollap jergilikli ko’rgizbeli qurallar ja’rdeminde ta’lim-ta’rbiya beriw ta’lim na’tiyjeliligin ta’miyinleydi, h’a’mde geografiyalıq bilimlerdi ken’eytiriw h’a’m bayıtıwdın’ maqul jolı esaplanadı.

# III-BAP. JERGILIKLI KO'RGIZBELI QURALLARDI TAN'LAW NORMALARI, OLARDI TAYARLAW H'A'M OLARDAN PAYDALANIW USILLARI

## III.1. Jergilikli ko'rgizbeli qurallardi tan'law normalari h'a'm olardan paydalaniw usillari

Ta'biyiy geografiya baslang'ısh kursı ulıwma bilim beretug'ın orta mekteplerinin' 5-klassında u'yreniledi. Oqıw da'stu'ri bul kursta geografiyalıq bilimler tiykarların u'yreniw ushın 34 saat waqıt ajıratılg'an. Kurs ko'leminde oqıwshılar tu'n h'a'm ku'ndiz, ma'wsimler, quyash, jer, topıraq, o'simlik, h'awa-rayı, klimat h'a'm t.b. da'slepki geografiyalıq tu'siniklerdi o'zlestiredi.

Sonday-aq, o'z u'lkesi h'aqqında da'slepki ulıwmalasqan ko'nlikpe h'a'm tu'siniklerge iye boladı.

Bul h'a'reketler oqıwshılarda za'ru'r geografiyalıq bilim (tu'sinik) lerdi payda etiw menen birge Watandı su'yiw h'a'mde o'z tuwılıp o'sken u'lkesi menen maqtanıw sezimlerin qa'liplestiredi.

Ulıwma bilim beretug'ın orta mekteplerinin' 5-klasında «Hawa-rayı h'a'm klimat» teması belgili sistema tiykarında, sonday-aq jergilikli ko'rgizbeli qurallar ja'rdeminde u'yreniledi.

Usı orında «Hawa-rayı h'a'm klimat», «Ta'biyat kompleksi» temalarında sho'lkemlestirilgen shınıg'ıwlardın' rejesi h'aqqında so'z etemiz.

Sabaq teması: «Hawa-rayı xa'm klimat».

Sabaqtın' maqseti: Oqıwshılarg'a h'awa-rayı, klimat, olardın' a'h'imiyeti, elementleri, h'awa-rayı xızmeti h'a'mde h'awa-rayı o'zgeriwlerinen derek beriwshi jergilikli belgiler h'aqqındag'ı teoriyalıq h'a'm a'meliy mag'lıwmatlardı beriw, o'zi jasap turg'an aymaqtın' klimatı, klimat o'zgeshelikleri h'aqqında mag'lıwmat beriw.

Sabaq barısında a'melge asırılatug'ın wazıypalar:

1. Oqıwshılarg'a h'awa-rayı h'a'm klimatı onın' a'h'imiyeti, elementleri, h'awa-rayı xızmeti h'a'm h'awa-rayı o'zgeriwlerinen derek beriwshi jergilikli belgiler h'aqqındag'ı teoriyalıq bilimlerdi beriw.

2. Oqıwshı ta'repinen h'awa-rayı, klimat, klimattı payda etiwshi faktorlar, h'awa-rayı elementleri, h'awa-rayı xızmeti, meteorolog, meteorologiya orayı h'a'm h'awa-rayı o'zgeriwlerin bildiriwshi jergilikli belgiler h'a'm t.b. tu'siniklerdin' puxta o'zlestiriliwine erisiw.

3. Oqıwshılarda h'awa-rayı, klimat o'zgeriwlerin baqlaw ko'nlikpelerin qa'liplestiriw.

4. Olarda jergilikli belgilerge muwapıq h'awa-rayı o'zgeriwin aldın-ala anıqlaw ko'nlikpelerin qa'liplestiriw.

Sabaq quralları: geografiyalıq tu'sinikler jazıp barılatug'ın so'zlik da'pterler, ku'ndelik baqlaw da'pteri, «h'awa-rayı o'zgerislerinen derek beriwshi jergilikli belgiler» atlı keste, h'awa-rayı o'zgeriwlerin aldın-ala anıqlawg'a imkan beriwshi jergilikli belgilerdin' su'wreti tu'sirilgen plakat. Ta'biyiy geografiya baslang'ısh kursı sabaqlıg'ı, jazıw taxtası, klimat kartası.

Sabaq barısında qollanılıwshı metodlar: ekskursiya, baqlaw, sa'wbetlesiw, soraw-juwap, «8x8x8x8» h'a'm «Klaster» metodları.

Sabaqtın' rejesi:

1. Hawa-rayı elementleri h'a'm klimat;

2. Hawa-rayı h'a'm klimat xızmeti;

3. Hawa-rayı o'zgeriwin an'latıwshı jergilikli belgiler;

4. Ekskursiya sho'lkemlestiriw tiykarında h'awa-rayı o'zgeriwinen derek beriwshi jergilikli belgilerdi anıqlaw;

Sabaqtın' barısı:

**I. Soraw-juwap tiykarında** oqıwshılardın' h'awa-rayı h'a'm onın' o'zgeriwleri h'aqqındag'ı bilimlerin anıqlaw;

Oqıwshılarg'a to'mendegi sorawlar beriledi:

1. Hawa-rayı degenimiz ne? Klimat degenimiz ne?

2. Hawa-rayı h'a'm klimattın' o'zgeriwine neler ta'sir etedi?

3. Hawa-rayı o'zgeriwlerin aldın-ala biliw ushın neler za'ru'r?

4.Hawa-rayı o'zgeriwin baqlap barıwshı qa'niygeler kimler dep esaplaysız?

5. Hawa-rayı o'zgeriwin a'tirapta ju'z berip atırg'an h'a'diyseler arqalı anıqlaw mu'mkinbe? Mısallar keltirip o'tin'.

**II. «8x8x8x8» metodı ja'rdeminde bilimlerdi o'zlestiriw.** Klass oqıwshıları 4 oqıwshıdan 8 toparg'a bo'linedi. Ta'biyiy geografiya baslang'ısh kursı sabaqlıg'ının' «Hawa-rayı h'a'm klimat» teması boyınsha berilgen tekst segiz bo'limge ajıratılıp (bo'limlerge bo'lingen tekstler kompyuterde teriledi), h'a'r bir toparg'a belgili tekst beriledi. Toparlar bes minut aralıg'ında tekst mazmunın u'yrenedi. Son' topar qayta sho'lkemlestiriledi. Jan'adan sho'lkemlesken toparda aldıng'ı topardın' bir ag'zası bolıwı sha'rt. Topar ag'zalarının' h'a'r biri qalg'an u'sh qatnasıwshıg'a aldıng'ı toparda o'zi u'yrengen mag'lıwmatlardı jetkeredi (tekst mazmunı h'aqqında so'ylep beredi). Bul protsess ushın 6-8 minut waqıt beriledi. Usı arqalı teksttin' ulıwma mazmunı barlıq oqıwshılar ta'repinen o'zlestiriledi.

**III. Sa'wbetlesiw arqalı oqıw materialın bekkemlew.** Usı protsesste oqıtıwshı sa'wbetlesiw sho'lkemlestiriw ushın oqıwshılarg'a to'mendegi sorawlardı beredi.

1. Menin' tu'sinigimde, h'awa-rayının' o'zgeriwi tiri ja'nliklerdin' o'miri, turmıs ta'rizi h'a'm h'a'reketlerine h'esh qanday ta'sir etpeydi?

2. Men metereologiya orayların payda etiwge mu'ta'jlik joq dep esaplayman. Sizler ne dep oylaysız?

3. Jergilikli belgiler arqalı h'awa-rayı o'zgeriwin anıqlaw mu'mkin be?

Usıg'an uqsag'an sorawlardı oqıwshılarg'a beriw arqalı olardı pikirlewge, o'z pikirin aytıwg'a, o'z pikirin da'lillewge, pikirlew qa'biletin qa'liplestiriwge jardem beredi.

**IV. «Klaster» metodı ja'rdeminde oqıw materialın bekkemlew**. Bul metodta oqıwshılarg'a oqıtıwshı basshılıg'ında h'awa-rayı o'zgeriwin aldın-ala

biliwge imkaniyat beriwshi jergilikli belgiler h'aqqında o'zlestiretug'ın bilimlerdi jaratıp beriwleri talap etiledi. Oqıwshılar usınday jergilikli belgilerdi jazıp aladı, oqıtıwshı olardın' pikirlerin ulıwmalastırıp, jazıw taxtasında belgili sxema ko'rinisin payda etedi. Bul metod oqıwshılarda geografiyalıq bilimlerdi o'zlestiriwge bolg'an qızıg'ıwdı oyatıp g'ana qoymay, olardı jetekshi bolıwg'a, o'z pikirin erkin bildiriwge iytermeleydi. Ekskursiya h'a'm baqlaw jumısları protsesinde u'yrengen materiallar boyınsha oqıwshılar qatnasıwında to'mendegi sxema jaratıldı (1-suwret).




**1-su'wret. Klaster metodın qollaw texnologiyası**

**V. Ekskursiya h'a'm baqlaw tiykarında oqıw materialların bekkemlew**. Sabaq aqırında yaki sabaqtan tısqarı waqıtta ta'biyatqa ekskursiya sho'lkemlestirip, oqıwshılardın' h'awa-rayı h'a'm klimat o'zgeriwin tuwrıdan-tuwrı baqlawları ushın sharayat jaratıp beredi. Oqıwshılar qumırsqalar, jawın qurtı,

quslar (atap aytqanda qarlıg'ashlar) h'a'mde h'aywanlar (iyt, pıshıq, u'yrek, g'az h'a'm basqalar) dın' h'a'reketlerin u'yreniw, oqıtıwshı basshılıg'ında kishi gulxan jag'ılıp, tu'tinnin' bag'darın anıqlaw, h'awa-rayının' o'zgeriwine baylanıslı o'zlestirgen bilimlerin bekkemlew mu'mkin.

Ekskursiya waqtında oqıtıwshının' jol-jobaları, ma'sla'h'a'ti h'a'm ko'rsetpeleri tiykarında (tiykarg'ı itibar olardın' o'z betinshe jumıs alıp barıwına qaratıladı) to'mendegishe ko'rgizbeli qurallar tayarlaydı (2-keste).

**2-keste**

**Hawa-rayı o'zgeriwin bildiriwshi jergilikli belgiler**

| | **Jergilikli belgiler** | **Hawa-rayının' jag'dayı** |
|---|---|---|
| 1 | Quyash batıp atırg'anda batıstın' qızıl tu'ske kiriwi | Hawa ashıq boladı |
| 2 | Tu'nde h'a'm ku'ndiz h'awa rayının' keskin parıq qılıwı. | Hawa ashıq boladı. |
| 3 | Tu'nde h'a'm ku'ndiz h'awa rayı derlik parıq qılmawı. | Jawıngershilik boladı. |
| 4 | Qarlıg'ashlardın' aspanda ba'lent ushıwı | Hawa ashıq boladı. |
| 5 | Qarlıg'ashlardın' jer bawırlap ushıwı | Jawın jawadı |
| 6 | Gu'lxan tu'tininin' aspang'a tik ko'teriliwi | Hawa rayı ashıq boladı |
| 7 | Gu'lxan tu'tinnin' jer bawırlap ketiwi | Jawın jawadı |
| 8 | Qumırsqalardın' jer betine shıg'ıw | Hawa rayı ashıq boladı |
| 9 | Qumırsqalar inlerinen shıg'a almasa | Jawın jawadı |
| 10 | Jawın qurtının' jer betine shıg'ıwı | Jawın jawadı |
| 11 | Pal h'a'rrenin' toda bolıp ushıwı | Hawa ashıq h'a'm ıssı boladı |
| 12 | Pal h'a'rreler o'z inlerinen shıqpasa | Jawın jawadı |
| 13 | Aspanda ko'p sanlı juldızlardın' bolıwı | Hawa rayı ashıq boladı |

Ekskursiya waqtında oqıwshılar «ku'ndelik baqlaw da'pteri»n toltıradı.

Bul tema boyınsha sho'lkemlestirilgen shınıg'ıwda oqıtıwshı ta'repinen oqıwshılardın' «geografiyalıq so'zlik» da'pterin jazıp barıwlarına itibar qaratıwı maqsetke muwapıq esaplanadı. Oqıwshılar berilgen temanın' a'h'imiyetin tu'sinse, o'zlestirgen bilimleri bekkem boladı.

**3-keste**

**Meteorologiyalıq oraylar h'aqqında tu'sinik**

| № | Geografiyalıq tu'sinik | Tu'siniktin' mazmunı |
|---|---|---|
| | Hawa – rayı | Anıq bir waqıtta ma'lim bir jerdegi h'awanın' jag'dayı |
| | Hawa-rayının' elementleri | Hawa rayı jag'dayının' ko'rsetiwshi sostav bo'limleri. Hawa rayının' tiykarg'ı elementleri to'mendegilerden turadı:<br>1) h'awanın' temperaturası;<br>2) h'awanın' ıg'allıg'ı;<br>3) atmosfera basımı. |
| | Hawa rayı xızmeti | Hawa rayı o'zgeriwi bir h'a'pte (bir ay) aldın belgilep alıw imkaniyatına iye bolg'an sho'lkemnin' alıp barıp atırg'an jumısı |
| 1. | Meteorologiya orayı | Hawa rayının' o'zgeriwin u'yreniwshi sho'lkem |
| 2. | Meteorolog | Hawa rayının' o'zgeriwin h'a'mme waqıt baqlap barıwshı qa'niyge. |
| 3. | Du'nya ju'zi meteorologiya oraylari | Jer ju'zinin' tu'rli orınlarında ju'z beriwshi h'awa rayı o'zgeriwin u'yreniwshi sho'lkemler. Du'nya ju'zi meteorologiya orayları to'mendegi qalalar jaylasqan;<br>1) Vashington (AQSh);<br>2) Melburn (Avstraliya);<br>3) Moskva (Rossiya). |
| 7. | Hawa rayının' o'zgeriwinen derek beriwshi jergilikli belgiler | Quyash, ay, bult, juldız, o'simlik, h'aywan h'a'm tag'ı basqalardın' belgili jag'dayı, qatan'-h'a'reketleri tiykarında h'awa-rayı o'zgeriwin biliw imkaniyatı |

Oqıtıwshı oqıwshılar itibarına to'mendegi kesteni usınıwı mu'mkin. Ta'jiriybe-sınaw jumısların alıp barıwıwda ulıwma bilim beretug'ın orta mekteplerdin' 5-klass oqıwshıları menen «Jer qabıqlarının' o'z-ara ta'siri» temasın u'yreniwde de sabaqtın' belgili reje tiykarında sho'lkemlestiriliwine itibar qarattıq. To'mende usı reje h'aqqında so'z ju'ritemiz.

Sabaq teması: **«Jer qabıqlarının' o'z-ara ta'siri»**

**Sabaqtın' maqseti:** Oqıwshılarg'a biosferanın' basqa qabıqlarg'a ta'siri h'aqqındag'ı mag'lıwmatlardı beriw h'a'mde qorshag'an ortalıqtı qorg'aw ko'nlikpelerin qa'liplestiriw.

**Sabaq protsessinde a'melge asırılıwshı wazıypalar:**

1. Oqıwshılar ta'repinen biosfera h'a'm onın' a'h'imiyeti xaqqında o'zlestirilgen teoriyalıq bilimlerdi bekkemlew.

2. Oqıwshılarg'a biosferanın' atmosfera, gidrosfera h'a'm litosferag'a ta'siri, sonday-aq, geografiyalıq qabıq h'aqqında bilimlerdi beriw.

3. Oqıwshılarda ta'biyat h'a'm qorshag'an ortalıqtı qorg'aw ko'nlikpelerin qa'liplestiriw.

Sabaq quralları: «Jer qabıqlarının' o'z-ara ta'siri» temasına tiyisli plakatlar, tu'rli duzlar, topıraq u'lgileri, ta'biyiy geografiya baslang'ısh kursı sabaqlıg'ı, kesteler.

Sabaq protsesinde qollanılatu'g'ın metodlar: gu'rrin', soraw-juwap, ekskursiya, baqlaw, «Besinshisi artıqsha» metodı, «Kishi toparda islew» metodı.

Sabaqtın' rejesi:

1. Biosferanın' atmosferag'a ta'siri;

2. Biosferanın' gidrosferag'a ta'siri;

3. Biosferanın' litosferag'a ta'siri;

4. Geografiyalıq qabıq;

Sabaqtın' barısı:

1. Soraw-juwap tiykarında «Biosfera h'a'm jer qabıqlarının' o'z-ara ta'siri» bo'liminde o'zlestirilgen bilimlerdi bekkemlew.

Oqıwshılarg'a to'mendegi sorawlar berilip, olardın' bilim da'rejeleri anıqlanadı:

1. Biosfera degenimiz ne?

2. Tiri organizmlerdin' tiykarg'ı belgileri nelerden ibarat?

3. Tiri organizmlerdin' o'z-ara baylanıslılıg'ın qanday tu'sinesiz?

4. Tiri organizmlerdin' tarqalıwında insan qanday orın tutadı?

II. «6x6x6x6x6» metodı ja'rdeminde bilimlerdi o'zlestiriw.

Klass oqıwshıları 6 dan 5 toparg'a bo'linedi. Ta'biyiy geografiya baslang'ısh kursı sabaqlıg'ının' «Jer qabıqlarının' o'z-ara ta'siri» teması boyınsha berilgen tekst segiz bo'limge ajıralıp (bo'limlerge bo'lingen tekstler kompyuterde

teriledi), h'a'r bir toparg'a bo'lip beriledi. Toparlar bes minut aralıg'ında tekst mazmunın u'yrenedi. Son' topar qayta sho'lkemlestiriledi. Jan'adan sho'lkemlesken toparlarda da'slepki toparlardın' bir ag'zası bolıwı sha'rt. Topar ag'zalarının' h'a'r biri qalg'an 4 toparlasına o'zi u'yrengen mag'lıwmatlardı jetkizedi (tekst mazmunı h'aqqında so'ylep beredi). Bunın' ushın 6-8 minut beriledi. Usının' tiykarında teksttin' ulıwma mazmunı h'a'mme oqıwshılar ta'repinen o'zlestiriledi.

III. «Besinshisi artıqsha» metodı ja'rdeminde bilimlerdi bekkemlew.

Belgili tu'siniklerden ibarat sistema du'ziledi h'a'm de oqıwshılarg'a usı sistemada temag'a tiyisli bolmag'an tu'siniktike anıqlaw wazıypası tapsırıladı. Oqıwshılar itibarına to'mendegi sistemanı usınıw mu'mkin:

1. Biosfera, gidrosfera, materik, litosfera, atmosfera;

2. Atmosfera, litosfera, biosfera, karta, gidrosfera;

3. Gidrosfera, litosfera, atmosfera, biosfera, globus.

IV. Gu'rrin' tiykarında bilimlerdi bekkemlew. Bul metodta oqıwshılarg'a to'mendegi sorawlar berilip, olardı pikirlewge, o'z pikirin erkin bayan etiwge iytermeleydi:

1. İnsanlar yamasa h'aywanat du'nyası o'simlikler bolmag'an sharayatta da jasay alama?

2. Atmosferanın' pataslanıwının' insang'a ta'siri barma?

3. Gidrosfera h'a'm atmosfera qabıg'ının' o'z-ara ta'sirin jeke pikirlerin'iz arqalı ko'rsetip berin'.

4. İnsannın' atmosferag'a, jer ju'zine h'a'm gidrosferag'a ta'sirin uyreniw h'a'm sheshiw jolları to'mendegi 4-keste berilgen. Keste oqıwshılar ta'repinen oqıtıwshı basshılıg'ında toltırıladı.

Ta'biyiy geografiya baslang'ısh kursı sabaqlıg'ınan orın alg'an «Geografiyalıq poyaslar h'a'm zonalar» temasın u'yreniwde sabaq protsesinin' sho'lkemlestiriliwi to'mendegishe:

Sabaqtın' maqseti: Oqıwshılarg'a geografiyalıq poyaslar, olardın' o'zine ta'n o'zgeshelikleri h'aqqında mag'lıwmat beriw arqalı olarda poyas h'a'm zonalar tuwralı tu'siniklerdi payda etiw.

**4-keste**

**İnsannın' atmosferag'a, gidrosferag'a h'a'm jer ju'zine ko'rsetiwshi keri ta'sirin sheshiw jolları**

| **Atmosferag'a ko'rsetip atırg'an keri ta'sirdin' aldın alıw** | **Gidrosferag'a ko'rsetip atırg'an ta'sirdin' aldın alıw** | **Jer ju'zine keri ta'sirdin' aldın alıw** |
|---|---|---|
| Japıraqlardı jaqpaw<br>Shıg'ındılardı ko'mip taslaw | Suwg'a shıg'ındılardı taslamaw | Eginlerge tek jergilik li to'ginlerdi to'giw |
| Musorlardı arnawlı ıdısqa to'giw | Shıg'ındı suwlarının' suw h'a'wizine tu'siwinin' aldın alıw | Topıraqqa tu'rli janılg'ı lar (benzin, kerosin h'a'm basqalar)dı to'kpew |
| O'simliklerdi nabıt qılmaw | Salmalardın' tazalıg'ına itibar beriw | Topıraq eroziyasının' aldın alıw |

*Sabaq protsessinde a'melge asırılıwshı wazıypalar:*

1. Oqıwshılarg'a geografiyalıq poyas h'a'm ta'biyat zonaları h'a'm olardın' o'zine ta'n o'zgesheliklerin uyretiw.

2.Oqıwshılar ta'repinen geografiyalıq poyaslar, ta'biyat zonaları, sho'l h'a'm yarım sho'l zonası, tog'ay zonası, tog'ay-tundra h'a'm tundra zonası, arktika zonası ta'rizli tu'siniklerdin' o'zlestiriwine erisiw.

Sabaq teması: Geografiyalıq poyaslar h'a'm ta'biyat zonaları

Sabaqtı qurallandırıw: Du'nya ju'zi klimat kartası, geografiyalıq poyaslar kartası, «ta'biyiy geografiya» baslang'ısh kursı sabaqlıg'ı, Qaraqalpaqstan Respublikası kartası, yarım sharlar kartası.

Sabaq protsessinde qollanıwshı metodlar: lektsiya, gu'rrin', soraw-juwap, «klaster» metodı, «kishi toparlarda islew» metodı, sabaqlıq penen islesiw metodı

Sabaqtın' rejesi:

1. Geografiyalıq poyas degenimiz ne?

2. Ta'biyat zonaları degenimiz ne?

3. Tegisliktegi ta'biyat zonaları

4. Ba'lentlik poyasları

**Sabaqtın' barısı:**

I. Bayan etiw arqalı oqıw materialı mazmunı h'aqqında oqıwshılarg'a teoriyalıq bilimlerdi beriw.

Tema quramalı bolg'anlıg'ı sebepli, onın' mazmunı oqıtıwshı ta'repinen bayan etiw tiykarında ashıp beriledi. Bayan etiw protsesinde oqıtıwshı ba'lentlik poyasları suwreti, geografiyalıq poyaslar kartasınan paydalanıladı.

II. Sa'wbetlesiw arqalı temada o'zlestirilgen bilimlerdi bekkemlew.

Usı orında oqıwshılar oqıtıwshı ta'repinen ortag'a taslang'an to'mendegi sorawlar boyınsha o'z pikirlerin bayan etiwleri mu'mkin:

1. Geografiyalıq poyas h'a'm ta'biyat zonalarının' bir-birinen o'zgesheligi?

2. Tegisliktegi ta'biyat zonaları menen klimat poyasları ortasında qanday baylanıslılıq bar?

3. Jasap turg'an jerimiz qaysı poyas h'a'm qaysı zonag'a kiredi?

III. «Klaster» metodı ja'rdeminde bilimlerdi bekkemlew.

Klass oqıwshıları topar yaki ja'ma'a't arasında «Geografiyalıq poyaslar h'a'm ta'biyat zonaları» temasının' ulıwma a'h'imiyetin ko'rsetiwshi klasterdi payda etedi. Bunda oqıwshılar o'z betinshe jumıs alıp baradı, oqıtıwshı olardın' alıp barıp atırg'an jumısın baqlap turadı, za'ru'r orınlarda olarg'a ma'sla'h'a'tler beredi.

U'yrenilgen tema boyınsha ta'jiriybe sınaw jumısları natiyjesinde to'mendegi tabiyat zonaları h'aqqında klaster jaratıldı (2-suwret).

IV. «Kishi do'retiwshilik jumıs» temasında diktant jazıw arqalı bilimlerdi bekkemlew. Oqıwshılarg'a sabaq son'ında yamasa u'y tapsırmasın ushın qorshag'an ortalıqtı u'yreniw maqsetinde o'zleri jasap turg'an territoriyanın' qaysı geografiyalıq poyas h'a'm ta'biyat zonasına kiriwin anıqlaw h'a'm og'an geografiyalıq sıpatlama jazıw wazıypası beriledi. Oqıwshılar usı wazıypanı orınlawda jergilikli ta'biyiy obektlerge tiykarg'ı itibarın qaratıwları za'ru'r. Bul

tapsırma olardın' o'tilgen tema boyınsha jeterli da'rejede bilimge iye bolg'anlıqlarınan derek beredi.




2-su'wret.Okean ta'biyat zonaları h'aqqında klaster




3-su'wret.Tegisliktegi ta'biyat zonalar h'aqqında klaster




4-su'wret. Balentlik ta'biyat poyasları h'aqqında klaster

## III.2. Pape-Mashedan h'a'm gipsten barrelefli ko'rgizbe qurallardı tayarlaw texnologiyası

Pape-Mashedan tayarlang'an barrelefli ko'rgizbe qurallar oqıwshılarda jer betinin' ko'rinisin kartada ko'rgennen basqa tu'sinikke iye boladı. A'sirese, jer betinin' relefi menen baylanıslı waqıyalardı, da'ryalardın' ne sebep sol jollar arqalı ag'ıp turg'anlıg'ın, tawdın ne ushın bultqa qaray turg'an ta'replerinde jawın-shashınnın' ko'p ekenligin tu'siniwde ju'da' qolay h'a'm an'sat tu'sindiriliwi menen ju'da' a'h'miyetli.

Pape-Mashedan barrelefli ko'rgizbe qurallardı tayarlaw ushın en' aldı menen biz DSP materialın tan'lap alıp, og'an karta mastshtabın o'lshep, kalka qag'azı ja'rdeminde tu'siremiz. Bunda biz ta'biyiy kartadan paydalanamız. Tiyisli masshtab tan'lap alamız. Eger biz tegis relefli jerdin' barrelefin islemekshi bolsaq, onda vertikal masshtabın iri masshtab tu'rinde, al ju'da' ba'lent orınlarg'a islemekshi bolsaq onda kishirek masshtab tan'lag'anımız maqul sebebi uzın

shegelerdi DSP nın’ uslawı qıyın keshedi. Kartanı materialg’a sızıp tu’sirip bolıp, onın’ vertikal masshtabın o’lshep, sol boyınsha material betindegi o’lshemge qaray shege qag’ıp alamız.

Bundag’ı shegenin’ biyikligi biyiklik shkalasın ko’rsetedi. Son’ kereksiz gazeta yaki jazıw qag’azların alıp, ju’da’ kishi qılıp qolda tuwrap paydalanıladı. Onnan son’ temir ıdısqa qag’az bo’leklerin salıp u’stine qaynag’an suw quyıp, qag’azg’a un yamasa ag’ash kley qosıp aralastırıladı. Son’ tayar bolg’an aralaspa, yag’nıy jabısqaq kleydi DSP u’stine qag’ılg’an shegege juqa qılıp jabıstıramız qalın’ jabıstırılsa qamır jarılıp kerekli figura alınbaydı. Bul protsess shege tolıp relef forması shıg’aman degenshe 2-3 ku’nnen dawam etedi.

Barrelef formaların pape-mashdan tayarlap bolg’annan son’ kerekli ren’li bowlar menen gorizontallar aralıg’ı boyaladı (akvarel boyawı paydalanılsa da boladı). Son’ kim ta’repinen tayarlang’anlıg’ı, sha’rtli belgileri, masshtabı shetine jazıp qoyıladı. Eger lazım dep tabılsa h’a’m qaysı maqsette tayarlang’anlıg’ına qaray basqa bezewlerdi de a’melge asırıwg’a boladı.

**Gipsten barrelef formaların tayarlaw.** Gipsten de barrelef formasın tayarlawg’a boladı. Bunın’ ushın alebastr, suw, soda, taxta yaki ayna bo’legi, kley, ıdıs, plastilin h’a’m lineyka kerek boladı. Kley ıdısta aralaspa tayarlanadı. Ayna yaki taxta bo’legine releftin’ forması gorizontallar arqalı su’wretlenedi. En’ birinshi to’mendegi gorizontallardı plastilin menen diywal qılıp orap shıg’ıladı h’a’mde og’an tayarlang’an aralaspa salınadı. Sol sıyaqlı qalg’an h’a’mme gorizontallar toltırıp shıg’ıladı. Son’ qum qag’az benen tegislenedi.

Payda bolg’an relef formasının’ u’stine bir qansha qabat qag’az h’a’m joqarı bo’limine qattıraq qag’az kleylenedi. En’ aqırında kerekli ren’ler menen boyaladı.

Biz joqarıda kartalardı sızıw jolları h’aqqında aytıp o’ttik. Biraq sızılg’an kartalarg’a islew berilmese karta bolmaydı. Bunın’ ushın kartanı boyawdı da biliw kerek. Kartanı boyawdan aldın boyalatug’ın territoriyalardı anıqlap, nomerlestiriledi, son’ say boyaw (ren’ler) tan’lanadı. Kartanı boyawda ko’birek akvarel boyawlar isletiledi. Bunın’ ushın aldınnan kerekli qoyıwlıqta ren’

tayarlang'annan son' kishi stakang'a yamasa arnawlı boyaw quyatug'ın tarelkalarg'a quyıp qoyıladı h'a'm tındırıladı. Tan'lang'an ren'ler de nomerlestirilip, kartadag'ı nomer boyınsha arnawlı boyaw qa'lemi menen joqarıdan to'menge qarap a'ste aqırın jag'ıladı. Boyawdı aqshıl ren'de tayarlaw kerek. Ren'di toq qılıw kerek bolsa, boyalg'an jer keptirilip yaki geyde 3-4 ma'rtebe boyaw mu'mkin. Kartadag'ı boyalatug'ın jerler boyalıp bolg'annan son' sızıqlar kerekli ren'degi tush penen reysfeder, krivonojka yamasa sızıw perosı ja'rdeminde sızıladı, punsonlar bolsa tsirkul yamasa kranitsirkul menen tu'siriledi. Geografiyalıq obektlerdin' atları a'h'imiyetine qaray arnawlı kartografiyalıq shriftlerde jazıladı. Kartanın' joqarı bo'limine u'lkenirek shriftte atı jazıladı. To'mendegi ramkanın' astına ortasha masshtab h'a'm on' ta'repine kartanın' kim ta'repinen islengenligi jazıp qoyıladı.

Mektepte geografiya h'a'm kartografiyadan shınıg'ıwlar islegende bir qansha arnawlı oqıw quralları h'a'm a'sbaplardan paydalanıladı.

## JUWMAQLAW

Geografiya pa’ni oqıwshılarg’a ta’biyiy h’a’m sotsial-ekonomikalıq komplekslerdin’ du’zilisi h’a’m tiykarg’ı nızamları h’aqqında bilimler beretug’ın pa’nler sistemasına kiredi. Sol sebepli, geografiyanı oqıtıw ko'rgizbe qurallarsız ulıwma haqıqıy sabaqqa uqsamay qaladı.

Mekteplerde geografiyanı oqıtıwda h’a’r qıylı metod h’a’m usıllardan paydalanıwda, sabaqtın’ sapasın jaqsılawda, onın’ mazmunlı o’tiliwinde, oqıwshılardın’ sabaqqa qızıg’ıwshılıg’ın arttırıwda didaktik ko’rgizbeli qurallardın’ roli u’lken a’h’imiyetke iye.

Sebebi ha'r tu’rli qo’rgizbeli qurallar, a’sbaplar geografiyalıq bilimlerdin’ jaqsı o’zlestiriliwine h’a’m este uzaq saqlanıwına sebebshi boladı. H’aqıyqıy zattı ko’riw arqalı esitken na’rselerden go’re, ko’zimiz benen ko’rgen na’rselerdi an’satıraq o’zlestire alamız.

Oqıw bag’darlaması boyınsha oqıwshılar o’zlestiriliwi lazım bolg’an oqıw materialı tu’rli dereklerden alınadı. Ulıwma bilim beretug’ın orta mekteplerde oqıw protsessi boyınsha quramalı wazıypalardı sheshiw maqsetinde oqıw protsessi quramına kirgizilgen bilim derekleri  oqıtıw quralına aylanadı. Oqıtıw quralları ta’biyat h’a’m ja’miyet h’aqqındag’ı ilimiy bilimlerdi sho’lkemlestiriwde u’lken a’h’miyetke iye. Oqıtıw qurallarının’ tiykarg’ı wazıypası bilim alıw protsesinde ko’rgizbelilikti ta’miyinlewden ibarat.

Demek, geografiya pa’nin u’yretiwde ko’rgizbeli qurallardın’ a’h’imiyeti u’lken. Sebebi, oqıtıwshının’ bilim da’rejesi, metodikalıq, ustazlıq sheberligi sabaqtan ko’rinedi. Sabaqtı jan’asha sho’lekemlestiriw, izleniwler tiykarında jan’alıqlar kirgizip o’tiwge talpınıw h’a’r bir sabaqtın’ mazmunlı o’tiwine jol ashadı. Sabaq oqıwshılar  menen oqıtıwshı miynetinin’ tiykarg’ı forması. Ha’r bir sabaqtın’ ko’rgizbeli qurallar menen o’tiliwi sol sabaqqa oqıwshılardın’ qızıg’ıwshılıg’ın arttırıwı so’zsiz.

Bakalavr pitkeriw jumısın jazıw barısında biz aldımızg’a qoyg’an wazıypalardan to’mendegi juwmaqlarg’a eristik:

- Geografiya sabag’ında paydalanılatug’ın ko’rgizbeli qurallardın’ tu’rleri h’a’m olardın’ sabaq barısındag’ı a’h’miyetin sıpatlap berdik;
- Ko’rgizbe qurallardan geografiya sabag’ında paydalanıw usılların h’aqqında mag’lıwmatlar berdik;
- Geografiyanı oqıtıwda pedagogikalıq texnologiyalardan paydalanıw usıllarına sıpatlama berdik;
- Ayırım ko’rgizbeli qurallardı tayarlaw metodikasın h’a’m texnologiyasın u’yrendik
- ko’rgizbeli qurallardı tayarlaw metodikasının' biri bolg'an Pape-mashe usılı tiykaranda ko'rgizbele qural tayarladıq h’.t.b.

Ulıwma juwmaqlap aytqanımızda mektepte h’a’r bir geografiya sabag’ın ko’rgizbeli qurallar ja’rdeminde o’tiwdi usınıs etemiz. Sebebi ko’rgizbelilik tez yadta saqlaw imkaniyatın beredi.

## O’mir qa’wipsizligi

O’zbekstan Respublikası Joqarı h’a’m orta arnawlı bilim minisitrligi, puqaralıq qorg’anıwdın’ baslıg’ı A.Parpievtin’ 28.10.2008 j. №318-sanlı buyrıg’ı h’a’m universitet İlimiy Ken’esi (12.11.2008 j, №2 is qag’azı) qararı tiykarında tayarlang’an universitet rektoratı buyrıg’ına (13.11.2008 j. №120 D/1, §4) tiykarlanıp «O’mir qa’wipsizligi» pa’nin barlıq ta’lim bag’darları boyınsha talabalarg’a oqıw protsessinde u’yretiw ushın, magistr dissertatsiyasın h’a’m bakalavr qa’nigelik pitkeriw jumısın orınlawda pa’nnin’ h’uqıqıy tiykarları kirgizildi.

“Ja’miyette puxaralardın’ h’uqıqları h’a’m erkinliklerin qorg’aw ta’miyinlengende ol h’aqıyqıy, h’uqıqıy puxaralıq ja’miyet boladı. Ha’r bir adam o’z h’uqıqların anıq biliwi olardan paydalana alıwı, o’z h’uqıqı h’a’m erkinliklerin qorg’ay alıwı lazım. Bunın’ ushın da’slep ma’mleketimiz xalqının’ h’uqıqıy ma’deniyatın asırıw za’ru’r” (İ. Karimov. O’zbekstan XXI a’sirge umtılmaqta, 31–bet).

XX a’sirdin’ 60–jıllarınan baslap is ju’rgizip kelgen puxaralıq qorg’anıw sistemasının’ tiykarg’ı wazıypası tınıshlıq da’wirinde h’a’m urıs jag’dayında ma’m- leket xalqın jalpı qırg’ın quralları h’a’m basqa xu’jim quralларınan qorg’aw, urıs jag’dayında xalıq xojalıg’ı obektlerinin’ turaqlı islewin ta’miyinlew h’a’mde apatshılıq oshaqlarında qutqarıw h’a’m tiklew jumısların o’z waqtında na’tiyjeli a’melge asırıwdan ibarat edi.

Biraq xalıq o’mirine tek jalpı qırg’ın quralları emes, ba’lkim basqa qa’wip – qa’terlerde qa’wip salmaqta, olardı na’zerden shette qaldırıw h’asla mu’mkin emes. Bular ta’biyiy, texnogen h’a’m ekologiyalıq qa’siyetli ayrıqsha jag’daylar bolıp tabıladı.

90–jıllarg’a kelip yadro urısı qa’wipi kemeyip, biologiyalıq qurallardan paydalanıw sheklep qoyıldı, jan’a – zamanago’y qural tu’rleri oylap tabıldı, olar adamlar ushın qa’wipli bolmay, ba’lki ekonomikalıq obektlerdi isten shıg’arıwg’a qaratılg’an edi. Bulardın’ barlıg’ı puqaralıq qorg’anıw sisteması ornında jan’a bir sistema du’ziliw kerekligin da’llilep berdi.

Puqaralıq qorg’anıw ornın iyelewi mu’mkin bolg’an iri ko’lemdegi ayrıqsha jag’daylarg’a a’welden tayarlıqtı ta’miyinlewshi jan’a arnawlı ma’mleket sisteması iyelewi, ol tınıshlıq h’a’mde urıs da’wirinde xalıqtı h’a’m aymaqlardı ayrıqsha jag’daylardan qorg’awı lazım edi. Bul sistema xalıqtı ayrıqsha jag’daylardan qorg’aw h’a’m qutqarıw jumısların o’tkerip qoymay, basqa a’h’miyetli ilajlardı: ta’biyiy apatlardan qa’wipli aymaqlar kartaların du’ziw, seysmikalıq bekkem bina h’a’m imaratlardı qurıw, qısqa, orta h’a’m uzaq mu’ddetli boljaw jumısların sho’lkemlestiriwi h’a’m xalıq tayarlıg’ın a’melge asırıwı lazım edi.

Usı orında ja’ne bir ma’seleni aydınlastırıp alıwg’a tuwra keledi. Ayrıqsha jag’day degen ne, onnan xalıqtı h’a’m aymaqlardı qorg’aw degende neni na’zerde tutıwımız kerek?

Ayrıqsha jag’day – adamlar qurban bolıwı, olardın’ den sawlıg’ı yaki qorshag’an ortalıqqa zıyan tiyiwi, materiallıq shıg’ınlar keltirip shıg’ılıwı h’a’mde

adamlardın' turmıs sharayatının' izden shıg'ıwına alıp keliwi mu'mkin bolg'an yaki alıp kelgen avariya, apatshılıq, qa'wipli ta'biyg'ıy h'a'diyse yaki basqa ta'biyiy apatshılıq na'tiyjesinde belgili bir aymaqta ju'zege kelgen jag'day.

Xalıqtı h'a'm aymaqlardı ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw – ayrıqsha jag'daylardın' aldın alıw h'a'm olardı saplastırıw ilajları, usılları, qurallar siteması, h'a'reketler birlesigi.

Ayrıqsha jag'daylardın' aldın alıw – aldın ala o'tkerilip, ayrıqsha jag'daylar ju'z beriwi qa'wipin mu'mkinshiligi bolg'ansha kemeytiwge, bunday jag'daylar ju'z bergen ta'g'dirde bolsa adamlar den sawlıg'ın saqlaw, qorshag'an ta'biyiy ortalıqqa tiyetug'ın zıyan h'a'm materiallıq shıg'ınlar mug'darın kemeytiwge qaratılg'an ilajlar kompleksi.

Ayrıqsha jag'daylardı saplastırıw – ayrıqsha jag'daylar ju'z bergende o'tkerilip, adamlar o'miri h'a'm den sawlıg'ın saqlaw, qorshag'an ta'biyiy ortalıqqa tiyetug'ın zıyan h'a'm materiallıq shıg'ınlar mug'darın kemeytiwge, sonday – aq ayrıqsha jag'daylar ju'z bergen zonalardı shen'berge alıp, qa'wipli faktorlar ta'sirin toqtatıwg'a qaratılg'an avariya – qutqarıw jumısları h'a'm basqa keshiktirip bolmaytug'ın basqa jumıslar kompleksi.

Xalıqtı h'a'm aymaqlardı ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw tarawında qoyılg'an en' tiykarg'ı jumıslardın' biri–da'slep Qorg'anıw ministrligi qasında puqaralıq qorg'anıw h'a'm ayrıqsha jag'daylar basqarmasının', son' usı basqarma tiykarında O'zbekstan Respublikası Prezidentinin' 1996-jıl 4- marttag'ı PF–1378 Buyrıg'ı menen Ayrıqsha jag'daylar ministrliginin' du'ziliwi boldı.

Ministrlik is ju'rgize baslag'annan son' xalıqtı h'a'm aymaqlardı ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw tarawının' h'uqıqıy tiykarın du'ziwshi bir qatar nızam h'a'm qararlar qabıl etildi.

O'zbekstan Respublikası nızamları:

Xalıqtı h'a'm aymaqlardı ta'biyiy h'a'm texnogen qa'siyetli ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw h'aqqında (1999-jıl 20-avgust) – 5-bo'lim h'a'm 27-statyadan ibarat. Nızam xalıqtı h'a'm aymaqlardı ta'biyiy h'a'm texnogen qa'siyetli ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw tarawındag'ı sotsial mu'na'sibetlerdi ta'rtipke saladı h'a'm ayrıqsha jag'daylar ju'z beriwi h'a'm rawajlanıwının' aldın alıw, ayrıqsha jag'daylar keltiretug'ın shıg'ınlardı azaytıw h'a'm ayrıqsha jag'daylardı saplastırıwdı maqset etip qoyadı.

Puxaralıq qorg'anıw h'aqqında (2000-jıl 26-may) – 4-bo'lim h'a'm 23-statyadan ibarat. Usı nızam puxaralıq qorg'anıw tarawındag'ı tiykarg'ı wazıypalardı, olardı a'melge asırıwdın' h'uqıqıy tiykarların, ma'mleket organlarının', birlespe h'a'm sho'lkemlerdin' wa'killiklerin, O'zbekstan Respublikası puxaralarının' h'uqıqları h'a'm ma'jbu'riyatların, sonday–aq puxaralıq qorg'anıw ku'shleri h'a'm quralların belgileydi.

Adamnın' immunitet jetispewshiligi virusı menen keselleniwinin' aldın alıw h'aqqında (1999-jıl 19-avgust) – 13-statya. Nızamda AİJS keselliginin' aldın alıw tarawındag'ı ma'mleketlik ta'miyinlew, keselliktin' aldın alıw boyınsha jumıslardı qarjı menen ta'miyinlew, puxaralardın' h'a'm ma'jbu'riyatlarına tiyisli ma'seleler ko'rsetilgen.

Gidrotexnika inshaatlarının' qa'wipsizligi h'aqqında (1999-jıl 20-avgust) – 15-statya. Usı nazımnın' maqseti gidrotexnika inshaatların joybarlastırıw, qurıw, paydalanıwg'a tapsırıw, olardan paydalanıw, olardı rekonstruktsiya qılıw, tiklew, konservatsiyalaw h'a'm tamamlawda qa'wipsizlikti ta'miyinlew boyınsha iskerligin a'melge asırıwda ju'zege keletug'ın mina'sibetlerdi ta'rtipke salıw bolıp tabıladı.

Awıl xojalıq o'simliklerin zıyankesler, kesellikler h'a'm jabayı ot - sho'plerden qorg'aw h'aqqında (2000 jıl 31 avgust) – 28 statya. Usı nazımnın' maqseti awıl xojalıq o'simliklerin zıyankesler, kesellikler h'a'm jabayı ot - sho'plerden qorg'awdı ta'miyinlew, o'simliklerdi qorg'aw quralların ın' adam den sawlıg'ına, qorshag'an ta'biyiy ortalıqqa zıyanlı ta'sirinin' aldın alıw menen baylanıslı qatnaslardı ta'rtipke salıwdan ibarat.

Radiatsiyalıq qa'wipsizlik h'aqqında (2000-jıl 31-avgust) – 5-bo'lim h'a'm 28 statyadan ibarat. Nızamnın' maqseti radiatsiyalıq qa'wipsizlikti, puxaralar o'miri, den sawlıg'ı h'a'm mal – mu'lki, sonday – aq, qorshag'an ortalıqtı ionlastırıwshı nurlanıwdın' zıyanlı ta'sirinen qorg'awdı ta'miyinlew menen baylanıslı qatnaslardı ta'rtipke salıwdan ibarat.

Terrorizmge qarsı gu'res h'aqqında (2000-jıl 15-dekabr) – 6-bo'lim h'a'm 31-statyadan ibarat. Usı nızamnın' maqseti terrorizmge qarsı gu'res tarawındag'ı qatnaslardı ta'rtipke salıwdan ibarat. Nızamnın' tiykarg'ı wazıypaları shaxs, ja'miyet h'a'm ma'mlekettin' suverenitetin h'a'm aymaqlıq pu'tinligin qorg'aw puxaralar tınıshlıg'ı h'a'm milliy tatıwlıqtı saqlawdan ibarat.

Qa'wipli islep shıg'arıw obektlerinin' sanaat qa'wipsizligi h'aqqında (2006-jıl 28-sentyabr) – 23-statya. Nızamnın' maqseti qa'wipli islep shıg'arıw obektlarinin' sanaat qa'wipsizligi tarawındag'ı qa'tnaslardı ta'rtipke salıwdan ibarat.

O'zbekstan Respublikası Prezidentinin' qararı:

Tasqınlar, sel ag'ımları, qar ko'shiw h'a'm jer ko'shkisi h'a'diyseleri menen baylanıslı ayrıqsha jag'daylardın' aldın alıw h'a'm olardın' aqıbetlerin toqtatıw barısındag'ı – ilajlar h'aqqında (2007 jıl 19 fevral, PQ – 585 – sanlı). Tasqınlar, sel ag'ımları, qar ko'shiw h'a'm jer ko'shki h'a'diyseleri menen baylanıslı jumıslardı o'z waqtında h'a'm na'tiyjeli sho'lkemlestiriw, sonday – aq olardın' aqıbetlerin tezlik penen toqtatıw maqsetinde qabıl etilgen.

O'zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin' qararları:

O'zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag'daylar ministrliginin' jumısın sho'lkemlestiriw ma'seleleri h'aqqında (1996 jıl 11 aprel, 143 – sanlı). Qararg'a «O'zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag'daylar h'aqqında»g'ı Nızam qosımsha etilgen. Ayrıqsha jag'daylar ministrliginin' tiykarg'ı wazıypaları, h'uqıqları keltirilgen.

O'zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag'daylarda olardın' aldın alıw h'a'm h'a'reket etiw ma'mleketlik sisteması h'aqqında (1997 jıl 23 dekabr, 558 - sanlı). Qarar menen O'zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag'daylarda olardın' aldın alıw h'a'm h'a'reket etiw ma'mleketlik sisteması (AJMS) h'aqqındag'ı Nızam h'a'm

onın' du'zilisi tastıyıqlang'an, ministrlik h'a'm idaralardın' xalıq h'a'm aymaqlardı ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw boyınsha funktsiyaları keltirilgen.

O'zbekstan Respublikası xalqın ayrıqsha jag'daylardan qorg'awg'a tayarlaw ta'rtibi h'aqqında (1998-jıl 7-oktyabr 427–sanlı). Qarar ma'mleket xalqın h'a'm aymaqların ta'biyiy h'a'm texnogen qa'siyetli ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw sistemasın rawajlandırıw maqsetinde qabıl etilgen. Qararg'a qosımsha keltirilgen «Xalıqtı ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw tarawında tayarlaw ta'rtibi h'aqqında»g'ı Nızam O'zbekstan Respublikası xalqın ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw tarawında, sonday–aq ayrıqsha jag'daylarda h'a'reket etiwge tayarlıqtan o'tip atırg'an xalıq toparların tayarlawdın' tiykarg'ı wazıypaların, tu'rleri h'a'm usılların belgileydi.

Ta'biyiy, texnogen h'a'm ekologiyalıq qa'siyetli ayrıqsha jag'daylardın' sıpatlaması h'aqqında (1998-jıl 27-oktyabr, 455-sanlı). Qarar menen tastıyıqlang'an sıpatlamag'a muwapıq ayrıqsha jag'daylar ju'zege keliw sebeplerine ko're texnogen, ta'biyiy h'a'm ekologiyalıq qa'siyetli, usı jag'daylarda zıyan kergen adamlar sanına, materiallıq zıyanlar mug'darına h'a'm ko'lemlerine qarap lokal, jergilikli, respublika h'a'm transsshegaralı tu'rlerge bo'linedi.

G'alaba xalıqlıq ilajlardı o'tkeriw qag'ıydaların tastıyıqlaw h'aqqında (2003-jıl 13-yanvar, 15–sanlı). O'zbekstan Respublikası aymag'ında g'alaba xalıqlıq ilajlar o'tkeriliwi waqtında ja'ma'a't qa'wipsizligin ta'miyinlew h'a'm ta'rtibin qorg'aw maqsetinde qabıl etilgen.

Ayrıqsha jag'daylardı boljaw h'a'm aldın alıw Ma'mleket da'stu'rin tastıyıqlaw h'aqqında (2007-jıl 3-aprel, 71–sanlı). Ayrıqsha jag'daylardın' aldın alıw h'a'm aqıbetlerin saplastırıw tarawında alıp barılıp atırg'an jumıslar o'nimliligin asırıw maqsetinde qabıl etilgen.

Joqarıda ko'rsetilgen h'uqıqıy h'u'jjetler tiykarında oqıw protsessinde talabalarg'a "O'mir qa'wipsizligi" pa'ninin' barlıq bag'darları boyınsha ken' ma'niste tu'sinikler berildi.

## Paydalanılg’an a’debiyatlar

1. Karimov I.A. Asosiy vazifamiz–vatanimiz taraqqiëti va xalqimiz farovonligini yanada yuksaltirishdir. Xalq suzi gazetasi 2010-y. 30-yanvar №21 son.

2. Karimov I.A. Barkamol avlod orzusi. T. , «Sharq» 1999.

3. Karimov I.A. «Yuksak manaviyat – engilmas kuch»- T,: Manaviyat 2008.

4. Karimov I.A «2012-jıl Watanımızdın’ rawajlanıwın jan’a basqıshqa ko’teretug’ın jıl boladı», Erkin Qaraqalpaqstan, 2012-jıl,21-yanvar, 9-10 sanı

5. O'zbekiston Respublikasining «Talim to'g’risida» gi Qonuni /Barkamol avlod/ - O'zbekiston taraqqiyotining poydevori–T.: O'zbekiston, 1997, 20-29 b.

6. Azizxwjaeva N. «Pedagogik texnologiya va pedagogik mah’orat» -T.: 2003 – 174 b.

7. Bobanskiy Yu.K. Hozirgi zamon umumiy talim maktabida o'qitish metodlari. T. «O'zbekiston». 1990.

8. Bojenova L.İ. Pedagogik izlanish. T. «O'qituvchi». 1990.

9 Даринский А.В.Методика преподавания географии. М. Просвещение, 1991

10. Dauletova Q.D. Geografiya sabag’ı h’a’m u’lke tanıw. No’kis, «Bilim», 1992.

11. Зиямухамедова С., Зиямухамедова Б. Новая педагогическая технология: Теория и практика. – Т.: Абу Али Ибн Сино, 2002. 118 с.

12. Панчешникова Л.М. и др. Методика обучения географии в школе. М. «Просвещение», 1997.

13. Yuldashev J., Usmonov S. Pedagogik texnologiya asoslari. T. Wqituvchi, 2004.